



Ḥaqqīqatul Mahdī

Hakēkat Al-Mahdi

Hazrat Mirza Ghulam Ahmad
Al-Masih Al-Mau'ud sarta Imam Mahdī a.s.
Nu Ngadegkeun Jemaat Muslim Ahmadiyah



Ḥaqqīqatul Mahdī

Hakékat Al-Mahdi

Hazrat Mirza Ghulam Ahmad
Almasih al-Mau'ud sarta Imam Mahdi a.s.
Nu Ngadegkeun Jemaat Muslim Ahmadiyah



Penerbit Yayasan Wisma Damai

Hazrat Mirza Ghulam Ahmad

*Almasih al-Mau'ud sarta Imam Mahdi a.s.
Nu Ngadegkeun Jemaat Muslim Ahmadiyah*

Judul Asli: "Ḥaḳīqatul Mahdī" (Urdu & Arab), 1899
Cetakan Munggaran dina Basa Inggris judulna:
"The True Nature of the Mahdi"
© Islam Internasional Publication Ltd., 2017

Hak cipta tarjamahan basa Sunda:
© 2025 Yayasan Wisma Damai
Jl. Balikpapan I No. 10, Petojo Utara, Gambir
Jakarta Pusat 10130

Cetakan kahiji: November 2025

Panarjamah:
H. Entang Rasyid Ahmad
H.Odong Abdurachim Kantadiredja
Editor:
Ruhdiyati Ayyubi Ahmad
Abdul Karim Munim
Desain Panutup: Iftihar Ahmad Rasyid
Layout: Saira Basir

www.wismadamai.com

Hak cipta ditangtayungan ku hukum.
Teu meunang nga-reproduksi, narjamahkeun deui atawa ngajual, boh
sabagéan atawa sagemblengna eusi buku ieu, tanpa idin tinulis ti
pamedal

ISBN:

Dicitak ku Percetakan PT Wisma Damai Optima,
Tangerang Selatan

Email: wismadamai.shop@gmail.com

Kecap Panganteur

Amir Jemaat Ahmadiyah Indonesia

Puji syukur anu taya hinggana ka hadirat Allah Taala anu samata-mata kalayan rahmat sareng karuniaNa, tos sakali deui maparin taopik pikeun narjamahkeun sarta medalkeun buku Hazrat Mirza Ghulam Ahmad Qadiani, Masih Mau'ud sarta Imam Mahdi anu Dijangjikeun a.s. nu judulna "*Ḥaqīqatul Mahdī*". *Alhamdulillah*.

Bagéan munggaran buku ieu dina basa Urdu sarta dina bagéan ahir, anjeunna a.s. nyeratkeun akidah-akidah anjeunna a.s. sarta Jemaat anjeunna a.s. ngeunaan Mahdi nu bakal sumping, dina basa Urdu jeung Farsi. Buku ieu medal dina tanggal 21 Pébruari 1899.

Geus lila, Maulwi Muhammad Huséin Batalwi usaha satékah polah pikeun ngajadikeun Pamaréntah Inggris neundeun goréng sangka ka Hazrat Masih Mau'ud a.s.. Sanggeus teu mampu ngajawab dalil-dalil anu didugikeun ku Hazrat Masih Mau'ud a.s. inyana maké cara nu anyar ku cara ngahasut Pamaréntah sangkan ngalawan anjeunna a.s.. Keur nyumponan éta

tujuan, inyana terus tumerus nepikeun aduan-aduan palsu. Inyana sababaraha kali ngasongkeun tuduhan palsu ka anjeunna a.s. di hareupeun para gegedén, nyebutkeun yén “ieu jalma téh hiji nu barontak bari nyumput, sarta leuwih bahaya ti Mahdi Sudani ogé, jeung sama sakali teu boga itikad alus ka Pamaréntah. Sama sakali teu pantes méré ka dirina kabébasan pikeun tabligh”. Muhammad Huséin nyitak hiji risalah dina basa Inggris nu di jerona inyana nunjuk dirina sorangan salaku jalma nu boga itikad alus ka Pamaréntah Inggris sarta nulis yén dirina teu boga akidah nu nyebutkeun yén Mahdi tukang ngahasut perang téh bakal datangna ti Bani Fatimah jeung bakal ngalakukeun perang agama jeung bakal nga-Islamkeun kabéh jalma kaping, jeung henteu ogé Muhammad Huséin boga anggapan jihad ngalawan Pamaréntah Inggris diwenangkeun, ogé inyana boga anggapan yén sakabéh riwayat nu patali jeung Mahdi tukang ngahasut perang nu asalna ti turunan Fatimah téh cacad, lemah, tur palsu. Inyana ogé datang ka Amir Kabul sarta sanggeus amprok, manéhna mimiti ngancam yén upama anjeunna a.s. angkat kadinya, mangka moal mulang dina kaayaan hirup.

Hazrat Masih Mau’ud a.s. tos ngabantah sagala tuduhan jeung pitenah Batalwi nu sarupa kitu kalawan

dirojong ku dalil-dalil dina risalah *Ḥaḳīqatul Mahdī*, sarta anjeunna a.s. tos ngabuktikeun akidah Muhammad Huséin ngeunaan Al-Mahdi anu ditepikeun ku inyana ka Pamaréntah téh, mangrupa pagawéan nu munapéék. Ku kituna, di awal risalah ieu, anjeunna a.s. tos nyebatkeun akidah golongan *Ahli Ḥadis*, anu pamingpin maranéhna téh Muhammad Huséin Batalwi – ngeunaan Mahdi, kalawan ngarujuk kana Kitab *Ḥujajul Karāmah* nu ditulis ku Nawab Siddiq Hasan Khan, nu diaku ku Muhammad Huséin Batalwi salaku Mujadid abad ieu, sarta bareng jeung éta, anjeunna a.s. tos nyeratkeun akidah anjeunna a.s., ogé Jemaat anjeunna a.s. ngeunaan Mahdi, tur pikeun mikawanoh saha anu tulus jeung nu munapéék, sarta saha nu boga itikad alus, jeung ogé anu itikadna goréng, anjeunna a.s. tos ngadugikeun ka hareupeun Pamaréntah hiji cara pikeun nguji ieu hal, nyaéta “Akidah nu dicekel ku kami dua pihak ngeunaan jihad jeung Al-Mahdi, prak tuliskeun éta dina basa Arab jeung Farsi pikeun disebarkeun di Arab, nyaéta Makkah, Madinah jeung nagri-nagri Arab séjénna, Kabul, Iran, jsb, sarta sanggeus dicitak, sérénkeun ka Pamaréntah Inggris, sangkan maranéhna nyebarkeun sakarepna. Ku cara kitu jalma nu boga karakter munapéék, buktina bakal kanyahoan jeung maranéhna

samasakali moal nulis akidah-akidah na kalawan écés, lantaran nyebarkeun akidah-akidah na sorangan anu pasalia jeung akidah-akidah umum urang Islam di nagri-nagri Islam mangrupa pagawéan jalma gedé kawani nu haté jeung létahna sauyunan". (kaca 447-448)

Ku sabab kitu, surup kana jangji, sanggeus nyeratkeun akidah-akidah anjeunna a.s. dina basa Arab sarta ditarjamahkeun kana basa Farsi, anjeunna a.s. ogé ngalebetkeun di ahir risalah dina basa Urdu ieu. Tapi, jalma-jalma nu sikepna munapéék teu wanieun ngalakukeun kitu. Ieu Risalah téh ku anjeunna diterbitkeun dina 21 Pebruari 1899.

Ieu téh édisi munggaran tina buku ieu. Téks lengkap buku ieu atos ditarjamahkeun kalayan restu Hazrat Khalifatul Masih Al-Khamis atba., diantaranya ku anu aya dina Komite Panarjamahan Indonesia, nyaéta Nu Dipihormat Mln. Fazal Muhammad Mbsy. (Pupuhu Komite Panarjamahan), Nu Dipihormat Mln. H. Muhammad Zafrullah Nasir, Mbsy., Nu Dipihormat Mln. H. Rahmat Hidayat, Shd., Nu Dipihormat Mln. Fazli Umar Faruq, Shd., Nu Dipihormat Mln Muhammad Hasyim, Mbsy., sarta Nu Dipihormat Mln. Arif Rahman Hakim, Shd.. Sabada éta, kalayan widi Hazrat Khalifatul Masih Al-Khamis atba., Nu

Dipihormat Bp. Ruhdiyati Ayyubi Ahmad parantos marios hasil tarjamahan ieu kalawan jéntré. *Alhamdulillah 'alā zālik.*

Ngahaturkeun nuhun utamina ka para panarjamah, ogé ka Sekretaris Isyaat PB sarta Sekretaris Tasnif PB, nyakitu deui ka sadaya pihak anu tos ngiring ngabantos pikeun medalna buku ieu.


Sakantenan ngadugikeun tarjamah buku ieu ka payuneun nu maos, sim kuring ngadu'a mugia Allah Taala maparin anugerah ganjaran ti sisi Anjeunna ka sadaya jalmi anu tos ngalakonan khidmat. Aamiin.

Mugia buku ieu janten sarana pikeun nambah élmu sarta pamahaman jalma-jalma nu milari bebeneran. *Wa billāhi taufiq.*

Wassalam anu lemah
Bogor, November 2025

Zaki Firdaus Syahid

Ngeunaan Panulis



Hazrat Mirza Ghulam Ahmad a.s. Imam Mahdi sarta Almasih Anu Dijangjikeun

Hazrat Mirza Ghulam Ahmad a.s. lahir dina taun 1835 di Qadian, India. Ti awal jumeneng, anjeunna tos ngabaktikeun dirina kanggo ibadah, diajar Al-Qur'an jeung Kitab-kitab suji séjénna. Ningal Islam sangsara lantaran diserang ti sagala arah, anjeunna jadi kacida sedihna. Dina upaya ngabélaan Islam sarta nepikeun ajaranana anu murni, anjeunna nyerat langkung ti salapan puluh buku, rébuan surat, ogé aub dina seueur debat soal agama, Numutkeun anjeunna, Islam téh

agama anu hirup, nu bisa nungtun manusa dina usaha ngaraketkeun diri ka Allah Swt., pikeun ngahontal kasampurnaan ahlak jeung rohani.

Hazat Mirza Ghulam Ahmad a.s. ngawitan kénging ilham, kasyaf sarta wahyu Ilahi dina yuswa anom. Dina taun 1889 kalayan paréntah Allah, anjeunna ngawitan nampi bé'at pikeun asup ka jero Jamaah Muslim Ahmadiyah. Wahyu Ilahi nu katampi ku anjeunna terus nambahan sarta Allah Swt. maréntahkeun ka anjeunna pikeun ngumumkeun yén Allah Swt. parantos nunjuk anjeunna jadi Pembaharu Ahir Zaman saperti nu tos disabdakeun ku Nabi Muhammad saw. bakal dibangkitkeun salaku Almasih sarta Mahdi Anu Dijangjikeun. Jamaah Muslim Ahmadiyah kiwari geus ngadeg di leuwih ti 220 nagara.

Sabada anjeunna a.s. pupus dina taun 1908, maniféstasi kadua tina kudrat Ilahi jadi zahir, sarta lembaga Khilafat diadegkeun keur nyumponan nubuatan dina Al-Qur'an sarta nu disabdakeun ku Nabi Muhammad saw., ogé anu aya dina buku Hazrat Masih Mau'ud a.s., nyaéta *Al Wasiyat*. Hazrat Mirza Masroor Ahmad atba., nyaéta Khalifah Kalima Hazrat Masih Mau'ud a.s. sarta Pamingpin Jamaah Muslim Ahmadiyah kiwari.

Kaca Bubuka Edisi Munggaran

As the Muslims of India entertain different beliefs with regard to "the coming Mehdi" and especially the nature of his appearance among the Muslims: according to some Muslims he will be a reformer and engenderer of new-life, like a true lover of peace and tranquillity and a person poor in heart;— the Muslims of this party considering his appearance as nearly spiritual: while other Muslims, such as Maulvi Muhammad Hussain of Batala, editor of *Iskhat-us-Sunnah* and leader and advocate of Ahl-i-Hadis or Wahabis of his class, believe that "the coming Mehdi" will be Ghari, general slaughterer and upsetter of the empires of the nations other than Muslims, especially the bitter opponent of the British Empire, and speak of the terrible consequences resulting from the bloody deeds of this Mehdi; I have written this pamphlet to show which of these two Muslim parties is right in its beliefs with regard to "the coming Mehdi."

It will be better that our benign Government will get this pamphlet translated into English, & hence make itself acquainted with these differences concerning "the coming Mehdi."

Haqiqat-ul-Mehdi
حقیقت المہدی
The true nature of Al-mehdi

تاریخ: ذی القعدة سنة ۱۳۰۰ھ
مطبع: مطبعہ دارالافتاء دارالعلوم دیوبند
۱۸۰۰

Salinan faksimile tina kaca judul aslina nu ngagunakeun basa Urdu.

As the Muslims of India entertain different beliefs with regard to "the coming Mehdi" and especially the nature of his appearance among the Muslims: according to some Muslims he will be a reformer and engender of new life, like a true lover of peace and tranquility and a person poor in heart, the Muslims of his party considering his appearance as merely spiritual: while other Muslims, such as Maulavi Muhammad Husain of Batala, editor of Isha-at-Sunnah and leader and advocate of Abl-i-Hadis or Wahabis of his class, believe that the "coming Mehdi" will be Ghazi, general slaughterer and upsetter of the empires of the nations other than Muslims, especially the bitter opponent of the British Empire and speak of the terrible consequences resulting from the bloody deeds of this Mehdi, I have written this pamphlet to show which of these two Muslim parties is right in its beliefs with regard to "the coming Mehdi."

It will be better that our benign Government will get this pamphlet translated into English and hence make itself acquainted with these differences concerning "the coming Mehdi."

Ḥaḡiqat-ul-Mehdi

حقیقت المہدی

The true nature of Al-mehdi

بتاریخ ۲۱ فروری مطبع ضیاء الاسلام قادیان میں باہتمام حکیم فضل الدین صاحب بھیروی
مطبوع ہوا۔ تعداد ۲۸۰۰

Transkripsi jeung tarjamahan tina judul aslina.

Tarjamah Kaca Bubuka Edisi Munggaran

Sakumaha umat Islam nu dumuk di Hindustan ngagem rupa-rupa kayakinan nu béda-béda ngeunaan Al-Mahdi anu rék sumping, hususna ngeunaan hakékat sumpingna, kacida lobana akidah anu kapanggih di kalangan umat Islam. Nurutkeun sabagéan umat Islam, inyana saperti hiji jalma anu kacida mikacinta kadaméyan jeung katenangan, sarta saperti hiji jalma anu miboga rasa handap asor, inyana bakal jadi hiji pembaharu jeung bakal jadi hiji sumber nu ngeusi kahirupan [rohani] nu anyar. Umat Islam nu kaasup golongan ieu boga anggapan yén munculna téh ngan dina corak karohanian. Sawatara golongan Muslim séjénna, saperti Muhammad Huséin Batalwi – éditor *Isyā'atus Sunnah*, pamingpin jeung wakil golongan Ahli Ḥadiś atawa Wahabi anu sarua pamahamanana jeung manéhna – boga kayakinan yén wujud “Mahdi nu bakal sumping” téh mangrupa jalma nu ngahurungkeun peperangan, getih dimana-mana sarta loba, ogé nu ngancurkeun karajaan bangsa séjén salian Muslim, sarta nu sacara husus mangrupa musuh

gerot Karajaan Britania. Maranéhna nyebutkeun balukar nu kacida goréngna bakal diakibatkeun ku paripolah nu pinuh ku getih ti ieu Mahdi. Kaula nuliskeun salebaran ieu kalawan tujuan pikeun némbongkeun yén akidah golongan Muslim nu mana tina éta dua golongan Muslim téh nu bener, patali jeung “Mahdi nu bakal datang”.

Bakal leuwih alus upama salebaran pangumuman ieu nepi ka Pamaréntah urang saréréa anu hadé haté sanggeus ditarjamahkeun kana basa Inggris, nepi ka bisa kanyahoan bédana akidah-akidah nu aya ieu, patali jeung Mahdi nu bakal sumping.

Ḥaqīqatul Mahdī

حقیقت المهدی

Hakékat Al-Mahdi

Tanggal 21 Pebruari, diterbitkeun ku Percitakan Zia-ul-Islam Qadian dina pangawasan Hakim Fazluddin Sahib Bherwi. Jumlah 2800 eksemplar.

Daptar Eusi

Kecap Panganteur	iii
Ngeunaan Panulis	viii
Tarjamah Kaca Bubuka Edisi Munggaran.....	xii
Daptar Eusi.....	xiv
Rupa-Rupa Akidah Ngeunaan Tokoh Mahdi	1
Hiji Cara Nguji nu Nyata Pikeun Mikanyaho Saha Jalma-Jalma nu Ngabogaan Niat Hadé ka Pamaréntah	48
Glosarium (Kamus Singget)	85

Ḥaḡīqatul Mahdī
Hakékat Al-Mahdi

Rupa-Rupa Akidah Ngeunaan Tokoh Mahdi

Hal ieu penting yén kaula ngécéskeun ka Pamaréntah Inggris ngeunaan naon kapercayaan golongan Wahabiyah – nu nyebut diri maranéhna ku ngaran *Ahli Ḥadiṣ*, dimana Maulwi Abu Said Muhammad Huséin Batalwi nganggap dirina salaku pamingpin maranéhna – ngeunaan Mahdi anu dijangjikeun jeung ngeunan hal ieu, naon akidah kaula jeung Jemaat kaula, lantaran nya ieu pisan nu jadi akar tina sagala pacéngkadan jeung mumusuhan nu hiji jeung nu lian, yén kaula henteu percaya kana tokoh Mahdi nu sarupa kitu. Ku lantaran éta, dina panénjo maranéhna mah kaula téh kapir, sarta dina panénjo kaula, jalma-jalma ieu aya dina kasalahan. Ku hal éta pisan, di handap ieu kaula tulis akidah maranéhna ngeunaan tokoh Mahdi ngaréndéng jeung kapercayaan kaula. Sanajan akidah golongan *Ahli Ḥadiṣ* – atawa nu sebutan aslina nyaéta golongan Wahabi – ngeunaan nu patali jeung Mahdi téh geus loba disabit-sabit dina ratusan risalah-risalah, ogé dina buku-buku maranéhna, tapi kaula ngarasa leuwih alus pikeun

ngécéskeun sabaraha hal pakait jeung kayakinan maranéhna ieu tina buku-buku tulisan Nawab Siddiq Hasan Khan, sabab Maulwi Muhammad Huséin nu jadi pamingpin maranéhna, geus boga kayakinan yén tokoh Siddiq Hasan Khan salaku mujadid di abad ieu (tingali *Isyā'atus Sunnah*) jeung bari mariksa posisina salaku pituduh ti hiji Mujadid, buku-buku na téh dianggap wajib diamalkeun ku unggal jalma nu milu kana golongan *Ahli Ḥadis*. Paréléanana saperti kieu:

Kayakinan para Maulvi Lawan Urang ngeunaan Tokoh Mahdi	Kayakinan kaula jeung Jamaah Kaula ngeunaan Tokoh Mahdi
Nawab Siddiq Khan dina bukuna <i>Hujajul Karāmah</i> kaca 373 jeung anakna nyaéta Sayyid Nurul Hasan Khan dina bukuna <i>Iqtarabus Sā'ah</i> kaca 64, nerangkeun kayakinan golongan <i>Ahli Ḥadis</i> ngeunaan tokoh Mahdi saperti kieu, anu garis badagna	Ngeunaan tokoh Mahdi jeung Masih anu Dijangjikeun, kayakinan kaula jeung Jemaat kaula nyaéta: Sakabéh hadis nu sarupa kitu, nu patali jeung sumpingna Mahdi, sama-sakali teu pantes pikeun dipercaya sarta ditarima salaku hiji bebeneran.

nyaéta: “Dina mangsa Mahdi datang, nya harita inyana (Mahdi) bakal nelasan sakitu lobana umat Kristen, nepi ka sésana nu masih aya teu boga kawani pikeun ngadegkeun Pamaréntahan atawa Karajaan, nepi ka lamunan pikeun jadi pangawasa ogé bakal leungit tina pikiran maranéhna, sarta maranéhna bakal kalabur bari jeung nanggung kahinaan”.

Satuluyna, masih dina buku *Hujajul Karāmah* kaca 374 baris ka 8 manéhna nulis yén: “Sanggeus meunang, Mahdi bakal ngajorag Hindustan jeung inyana

Nurutkeun panénjo kaula, dina hadis-hadis éta téh aya tilu kabeurat, atawa éta hadis-hadis téh kaasup kana tilu rupa ieu:

(1) *Kahiji*, nyaéta hadis-hadis anu *Mauḍu'* (jijieunan), henteu shahih sarta salah, ogé parawiparawina nu jadi terduduh hianat tur bohong, nepi ka taya urang Islam nu saléh nu sanggup percaya ka maranéhna.

(2) *Kadua*, nyaéta hadis-hadis nu *Ḍa'īf* (lemah) jeung *Majrūh* (dicawad) sarta ku lantaran diantara hiji jeung séjénna ogé pacéngkadan jeung pasalia, ku kituna éta hadis téh teu nepi kana darajat pantes dipercaya; jeung para Imam nu

bakal nalukkeun Hindustan. Tuluy Maharaja Hindustan bakal dibangkol maké ranté beusi dina beuheungna jeung bakal didatangkeun di hareupeunana, sarta sakabéh khasanah harta banda sarta bank-bank Pamaréntah bakal dirampas ku inyana". Tuluy hal ieu téh geus dijelaskeun leuwih jauh dina kaca 64 buku *Iqtarabus Sā'ah*; di baris ka tiluwelas kaca éta aya pernyataan kieu:
"Maharaja-maharaja Hindustan bakal dibawa ka hareupeun éta Mahdi bari dibangkol ku ranté beusi dina beuheungna, sarta khasanah-khasanah/harta-harta

nyusun hadis anu kawentar ogé milih samasakali henteu nulis atawa ngasupkeun dibarengan ku kritik, katerangan jeung kecap teu pantes dipercaya, sarta maranéhna ogé henteu nganggap bener kana sah na éta riwayat, nyaéta maranéhna teu méré panyaksén kana kajujuran jeung lempengna para parawi-na.

(3) *Katilu*, nyaéta hadis-hadis anu dina hakékatna mémang shahih, sarta ka-shahihana bisa kanyahoan tina lobana jaringan perawi [nu beunang dipercaya] di jerona tapi éta hadis téh geus sampurna dina waktu nu geus kaliwat

karun maranéhna bakal dijadikeun perhiasan *Bait-ul-Maqdis*". [Tuluy manéhna ngajelaskeun pamadeganana jeung kecap-kecap anu ditepikeun ku manéhna keur nguatkeun pamadeganana téh kieu]:

"Kaula nepikeun yén kiwari di India taya deui Raja (nu ngawasa), ngan kari sababaraha raja Hindu atawa Muslim, nu mana maranéhna téh lain Pangawasa anu nangtung sorangan, tapi ngan saukur mawa ngaran wungkul. Raja di ieu nagri nu saenyana nyaéta bangsa Éropa; jeung ceuk kuring mah nepi ka engké dina

dimana éta perang-perang [nu disebut di jero na] téh geus lekasan, kiwari taya deui béja nu kudu didagoan sampurna na. Atawa, dijerona taya disebutkeun ngeunaan karajaan-karajaan dunyawi jeung perang-perang zahir, ngan dibéré kabar suka ngeunaan sumpingna saurang Al-Mahdi, nyaéta hiji insan anu geus kénging pituduh. Ku isarah, malah dina kecap-kecap anu écés ogé geus dijelaskeun yén inyana moal boga karajaan jeung khilafat sacara lahir, ogé inyana moal ngalakukeun perang, ogé moal rék ngocorkeun getih, sarta inyana moal boga wadia

zaman [datangna] Al-Mahdi, nya maranéhna ieu nu bakal terus jadi pangawasa di dieu, sarta maranéhna (Pangawasa Inggris) ieu pisan anu bakal diringkus jeung dibawa ka hareupeun Al-Mahdi”.

Saméméhna ieu jalma ogé geus nulis, “Beuheung maranéhna bakal dibangkol ku ranté beusi jeung bakal didatangkeun ka Al-Mahdi”.

Dina buku *Hujajul Karāmah* ditulis yén zaman anu dimaksud téh geus deukeut jeung kurang leuwih dina

balad, malah inyana satemenna ngan kalawan karohanianana jeung kakuatan *tawajuh* kalbu nu bakal ngajegkeun kaimanan pikeun kadua kali na dina jero haté manusa, sakumaha hadis:

لَا مَهْدِيَّ إِلَّا عَيْسَى

(Teu aya Mahdi iwal Isa)¹ nu aya dina Kitab Hadis *Ibnu Mājah*, dimana éta kitab ogé mashur ngaran-na (*Sunan Ibnu Mājah*), sarta ogé dina kitab *Mustadrak*² karya Imam Hakim dimana ieu hadis geus diriwayatkeun ku Anas bin Malik r.a.³ nyaéta, hadis ieu geus

¹ “Teu aya Al-Mahdi Iwal Isa-Almasih” (*Sunan Ibnu Mājah*, Kitabul Fitan, Bab Syiddatuz Zamān)

² (*Al-Mustadrak ‘alā sahihain lil Hakim*)

³ (*Kitābul fitan wa almalāhim ammā hadīsu Abī Bakrah Al-Ansāri*)

abad ka opat welas Hijriah, sakabéh nu disebut ieu bakal kajadian.

Tuluy, dina kaca 65 buku *Iqtarabus Sā'ah* ditulis, yén “Mahdi bakal ngancurkeun salib umat Kristen, nyaéta inyana bakal ngamusnahkeun agama maranéhna tanpa aya urutna”.

Ogé, di kaca 381 dina buku *Hujajul Karāmah* manéhna nulis yén “Isa Almasih a.s. bakal lungsur ti langit jeung bakal jadi menteri keur Al-Mahdi, sarta nu bakal jadi Raja, nya Al-Mahdi”. Satuluyna di kaca 383 dina buku *Hujajul Karāmah* manéh-

diriwayatkeun ku Muhammad bin Khalid Jumdi ti Abban bin Salih, tuluy Abban bin Salih ti Hasan Basri, saterusna Hasan Basri ti Hadhrat Anas bin Malik, sarta Hadhrat Anas bin Malik ti Anu Mulya Rasulullah *Ṣallallāhu 'alaihi wasallam*. Ma'na ieu hadis nyaéta, salian sosok nu sarupa jeung *sīrat* ogé sipat-sipat Hazrat Isa a.s. nu bakal sumping, moal aya Mahdi nu bakal sumping. Nyaéta, inyana anu bakal jadi Masih Mau'ud, jeung inyana ogé nu bakal jadi Mahdi, nu bakal sumping saluyu jeung *sīrat*, sipat-sipat sarta tata cara ngajar sakumaha Hazrat Isa a.s.. Nyaéta, inyana moal

na méré kabar suka yén kiwari zaman Al-Mahdi geus deukeut. Tuluy di kaca 384 manéhna nulis:

“Hiji golongan umat Islam nu teu percaya yén Al-Mahdi bakal sumping kalawan kaagungan jeung paréntah [Ilahi] ieu, nyaéta inyana bakal datang salaku jalma nu ngayakeun perang jeung jihad, nya golongan éta aya dina kasalahan, lantaran kadatangan Al-Mahdi kalawan tanda-tanda éta téh geus bukti tina *Ṣiḥāḥ Sittah* nyaéta genep Kitab hadis anu geus dipercaya”.

ngalawan kagoréngan, moal ngalakukeun perang, ogé inyana bakal nyebarkeun pituduh ngaliwatan tuladan-tuladan anu suci, dibarengan ku Tanda-tanda Samawi.

Saterusna dina nambah kuatna ieu hadis, aya ogé hiji hadis anu ditulis ku Imam Bukhari dina *Sahīh Al-Bukhārī*-na, anu unina nyaéta:

يَضَعُ الْحَرْبَ⁴

Nyaéta, sosok Al-Mahdi anu ogé boga ngaran Masih Mau’ud bakal bener-bener ngeunkeun perang kaagama-an, sarta pituduhna nyaéta poma ulah

⁴ “Inyana bakal ngaleungitkeun perang agama”. (*Sahīh Al-Bukhārī*, Kitābul Anbiyā, Bāb Nuzūl Isa bin Maryam

Saterusna di kaca
395 buku *Hujajul
Karāmah* Nawab Siddiq
Hasan nulis:

“Kiwari, zaman
sumpingna Al-Mahdi
geus deukeut, kabéh
tanda geus nyata sarta
Islam geus jadi kacida
lemahna”.

Tuluy dina *Hujajul
Karāmah* kaca 424
manéhna nulis: “Sosok
Isa Almasih ogé sarupa
jeung Mahdi, bakal
nyebarkeun Islam ku
pedang jeung ngan ukur
aya dua pilihan nyaéta
“paéhan” atawa
“Islam”.

Dina buku *Aḥwālul
Ākhirah* kaca 31 ogé
ditulis: “Saha baé urang
Kristen nu teu daék

perang dina urusan
agama, malahan prak
sebarkeun agama kala-
wan maké cahya-cahya
bebeneran, mu’jizat-
mu’jizat ahlak, sarta ku
tanda-tanda deukeut ka
Pangéran. Ku kituna
kaula kalawan sa-bener-
bener-na nepikeun yén
saha baé anu dina mangsa
kiwari ngayakeun perang
keur nyebarkeun agama,
atawa nyokong jalma nu
keur perang, atawa boh
zahir ogé nyumput, méré
pangrojong saperti kitu,
atawa neundeun kaha-
yang saperti kitu dina
haténa, mangka sate-
menna maranéhna téh
jalma-jalma nu henteu taat
ka Allah jeung RasulNa,
sarta maranéhna geus

iman, maranéhna saka-béhna bakal dipaéhan”.

Ringkesna, ieu téh akidah-akidah

Muhammad Husain jeung golonganana nu

kiwari maranéhna nyebut make ngaran *Ahli*

Ḥadiś. Umat Islam nu sederhana nyebut ma-

ranéhna ku sebutan Wahabi, jeung

Muhammad Husain némbongkeun dirina

salaku pamingpin jeung wakil maranéhna.

Jalma-jalma ieu lantaran kasalahanana sorangan

geus yakin kana hadis-hadis nu disebutkeun

dina hiji kitab hadis nu kamashur, ngaranna

Misykāt dina *bab Al-Malāḥim* (باب الملاحم)

kaluar tina paréntah-paréntah, wates-wates,

jeung kawajiban-kawajiban ti Allah jeung

RasulNa.

Kiwari, kaula boga maksud nepikeun ka

Pamaréntah kaula nu bageur ieu, yén sosok

Masih Mau;ud téh, sosok nu geus meunang hi-

dayah ti Pangéran, sarta sosok nu leumpang dina

ahlak Isa Almasih a.s., **taya lian, kaula jalma na.**

Unggal jalma kuduna nguji kaula pakait jeung

ahlak-ahlak ieu, sarta jauhkeun sangka goréng

tina jero haté. Upama ajaran-ajaran kaula salila

20 taun lilana – nu dimimitian tina buku

Barāhīn-e-Aḥmadiyyah sar-

salaku sumber akidah-akidah maranéhna éta. Dina basa Arab, kecap *malāḥim* (ملاحم) hartina perang-perang gedé, jeung jalma-jalma ieu boga pamadegan yén ieu téh perang-perang nu rék dilakonan ku Mahdi ngalawan umat Kristen, jeung golongan séjénna. Hal ieu dijelaskeun deui dina buku *Mazāhir-e-Ḥaq* – nu mangrupa *syarah* (tapsir) tina kitab *Misykāt* – dina jilid kaopat mimiti ti kaca 331. Ngan baé kacida hanjakalna yén jalma-jalma éta geus ngalakonan kasalahan nu gedé dina ngahartian éta hadis-hadis. Alhasil, nya ieu pisan

ta ayeuna geus nepi kana risalah *Rāz-e-Ḥaḳīqat* – dilenyepan leuwih jero, mangka leuwih ti éta taya deui saksi nu leuwih gedé ngeunaan kasucian batin kaula. Kaula boga bukti yén kaula geus nyebarkeun éta buku-buku téh ka nagri-nagri Arab, Kasultanan Turki, Syam, Kabul, jeung nagri-nagri séjénna, sarta kaula samasakali nolak pernyataan yén Almasih bakal lungsur ti langit pikeun ngalakukeun peperangan maké ngaran Islam, jeung bakal aya hiji jalma maké ngaran Mahdi nu asalna ti Bani Fatimah, anu bakal jadi Raja nu ngawasa dina mangsa éta, tuluy éta dua sosok téh

kayakinan-kayakinan nu dicekel ku Muhammad Husain jeung golonganana nyaéta *Ahli Hadis* ngeunaan Mahdi nu bakal sumping. Satuluyna, sakumaha jalma-jalma ieu téh kacida bahya na, ogé dina diri maranéhna aya hiji sipat nu [sawaktu-waktu] bisa ngabeledug jadi nu ngaruksak kaayaan daméy, kiwari teu perlu deui pikeun nuliskeunana. Sabalikna jeung kayakinan maranéhna, di kolom kadua disebutkeun kayakinan kaula jeung Jemaat kaula.

bakal babarengan ngahiji pikeun ngamimitian ngo-corkeun getih. Pangéran geus ngébréhkeun ka kaula yén hal-hal ieu téh samasakali teu bener. Geus kacida lilana waktu kaliwat nétélakeun yén Hazrat Isa Almasih a.s. parantos pupus, sarta di *Mohalla Khanyar*, Kashmir ayana makam anjeunna. Jadi sakumaha halna lungurna Isa Almasih ti langit geus bukti salaku hiji hal anu batil, nya saperti éta ogé, lungurna hiji sosok Mahdi *Gāzī* (nu jadi panghasut perang) éta ogé batil. Kiwari, pikeun saha baé anu ngarasa hanaang ku bebeneran, kuduna ma-

néhna narima hal ieu.
Réngsé.

**Panulis
anu Lemah**

Mirza Ghulam Ahmad a.s. ti Qadian

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

نَحْمَدُهُ وَنُصَلِّي 6

رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ 7

اے قدیر و خالق ارض و سما

اے رحیم و مہربان و رہنما

Hé Anu Maha Kawasa, Nu Nyiptakeun langit jeung bumi

Hé Anu Maha Asih, Maha Welas jeung Nu Maparin

Pituduh

اے کہ میداری تو بر دلہا نظر

اے کہ از تو نیست چیزے مستتر

Hé Wujud Anu Maha Ngawaskeun Haté

⁵ Kalawan jenengan Allah, Maha Welas, Maha Asih, (Pancarjamah)

⁶ Abdi sadaya nyanjung Anjeunna ogé abdi sadaya ngintun shalawat ka Rasulullah saw (Pancarjamah)

⁷ Nun Gusti Pangéran abdi sadaya, mugi Anjeun kersa mutuskeun perkara diantawis abdi sareng kaom abdi sadaya kalayan leres, sareng mung Anjeun pang saé-saéna ti antawis nu sok midamel putusan. Q.S. *Al-A'raf*, 7:90. (Pancarjamah)

*Hé Wujud Anu taya hiji hal ogé anu nyumput di payuneun
Anjeun*

گر تو مے بینی مرا پُر فسق و شر
گر تو دید استی که هستم بد گهر

*Upami Anjeun ningali abdi pinuh dina ka-pasék-an sareng
kagoréngan*

*Upami Anjeun tos nyaksian yén diri abdi pisan sosok nu
kacawad*

پاره پاره کن من بدکار را
شاد کن، این زمره اغیار را

*Mangka, ancurkeun ieu jalma nu loba dosa téh saancur-
ancur na*

Sarta gumbirakeun golongan musuh-musuh ieu

بر دل شان ابر رحمت ها ببار
هر مراد شان بفضل خود برآر

*Sareng kucurkeun hujan rahmat Anjeun ka haté maranéhna
Sarta kalayan kurnia Anjeun, pinuhan unggal tujuan
maranéhna*

آتش افشاں، بر در و دیوارِ من
دشمنم باش و تبه کن کارِ من

Hujan-an rorompok abdi ku seuneu

*Prak jadi musuh abdi, sarta leungitkeun sadaya pagawéan
abdi*

در مرا از بندگانت یافتی
قبله من آستانت یافتی

*Namung, upami Anjeun mendak diri abdi ta'at ka Anjeun
Sarta upami Anjeun mendak réhna Singgasana Anjeun téh
mangrupa asal tujuan diri abdi*

در دل من آں محبت دیده
کز جهاں آں راز را پوشیده

*Sareng, sakintenna Anjeun ningali kaasih éta dina jero haté
abdi, dimana rusiahna ku Anjeun disumputkeun tina
paningal dunya*

با من از روی محبت کار کن
اند کے افشاء آں اسرار کن

*Ku kituna, piara diri abdi kalayan pinuh ku kaasih,
Sarta ébréhkeun saeutik éta rusiah-rusiah téh*

اے کہ آئی سوئے ہر جویندہ
واقعی از سوزِ ہر سوزندہ

*Hé Pangéran, Anjeun sumping ka unggal jalma nu
néangan*

*Sarta Uninga unggal jalma anu kaduruk dina seuneu
kacinta ka Anjeun*

زاں تعلق ہا کہ با تو داشتم
زاں محبت ہا کہ در دل کاشتم

*Lantaran hubungan nu dipimilik ku diri abdi sareng
Anjeun*

*Sarta lantaran kacinta anu ku abdi dipelak dina jero haté
abdi*

خود بروں آ ازپئے لبراء من
اے تو کہف و طلاء و مادائے من

*Ku kituna Anjeun Nyalira kaluar pikeun ngabébaskeun diri
Hé Pangéran! Nya Anjeun bénténg diri abdi, tempat
nyalindung sareng tempat wangsul diri abdi*

آتشے کاندہ دلم افروختی

دزدِم آں غیر خود را سوختی

*Seuneu (kacinta) anu tos dihurungkeun ku Anjeun dina
sanubari abdi*

*Ku hurungna éta seuneu pisan parantos diduruk ku Anjeun
sagala nu aya (dina haté) salian ti wujud Anjeun*

ہم ازاں آتش رُخ من بر فروز

وین شبِ تارم مبدل کن بروز

*Ku kituna caangan ogé beungeut diri abdi ku hurungna éta
seuneu*

*Sarta jantenkeun peuting diri abdi nu poék mongkléng,
janten siang nu caang*

چشم بکشا ایں جهان کور را

اے شدید البطش بنما زور را

*Brak buka panon ti dunya anu lolong ieu
Hé Pangéran Nu Ngamilik Ranggeuman anu Kacida,
tingalikeun Perkasa na Anjeun*

زِ آسماں نور نشانِ خود نما

یک گل از بوستانِ خود نما

Tingalikeun ti langit cahya tanda Anjeun

Sareng tingalikeun sagagang kembang ti Taman Anjeun

ایں جهان بینم پُر از فسق و فساد

غافلان رائیست وقت موت یاد

Abdi nyaksian ieu dunya téh pinuh ku dosa jeung kaributan

Jalma-jalma nu lalawora jeung teu ati-ati taya deui inget

kana waktuna maot

از حقائق غافل و بیگانه اند

بہجہ طفلان مائل افسانہ اند

Maranéhna lalawora jeung teu apal kana hakékat-hakékat

Tapi ibarat barudak, kacida resepna kana dongéng-dongéng

سرد شد دلہا ز مہر روئے دوست

روئے دلہا تافتہ از کوئے دوست

Haté maranéhna geus tiis tina kacinta kana pameunteu éta

Kakasih

Jalan haté maranéhna geus méngkol tina éta Kakasih

سپیل در جوش است و شب تاریک و تار

از کر مہا آفتابے را بر آر

*Banjir [kasesatan] narajang kalawan nu kacida sarta
peuting kacida poékna
Kalawan sadaya kaasih Anjeun, naékkeun panonpoé*

Ku lantaran ti mangsa nu geus lila, nya ieu pisan kabiasaan jalma-jalma di unggal zaman, yén dimana di jero hiji kaom lahir hiji golongan dimana asas-asas jeung kayakinan-kayakinan nu dipimilik ku éta golongan téh sihoréng sabalikna tina asas-asas nu [geus lila] dipimilik ku éta kaom, nya pamingpin-pamingpin éta kaom usaha pikeun ngaleungitkeun éta golongan téa ku sagala cara, jeung ieu para pamingpin téh salawasna usaha pikeun ngaruksak ngaran maranéhna di hareupeun umat jeung Pamaréntahan. Jadi kalakuan siga kieu nu geus dilakukeun ku sawaréh ulama di ieu nagri ka kaula, di antara maranéhna téh musuh jeung lawan nu panggedéna nyaéta Maulwi Muhammad Husain Batalwi, Editor *Isyā'atus Sunnah*. Jalma nu kacida sial na ieu geus nga-haram-keun kangeunahna sorangan keur ngadatangkeun karugian ka kaula. Manéhna nguriling ti Batala nepi ka Benarés (Varanasi) bari mamawa fatwa na nu kacida ngérakeunana keur ngumpulkeun tandatangan-tandatangan anu ngapir-keun kaula. Tuluy dina waktu haténa teu sugema ngan ku upaya ieu wungkul, manéhna terus-tumerus

nepikeun ka Pamaréntah, hal-hal nu sabalikna jeung kanyataan patali diri kaula, yén kaula téh nu barontak bari nyumput, sarta leuwih bahya ti Mahdi Sudani⁸ gé. Padahal, manéhna sorangan nu dina majalahna *Isyā'atus Sunnah* geus nyieun tulisan patali jeung diri kaula kieu, yén:

“Ngeunaan ieu jalma, saha baé ogé anu dina haté na aya pamikir yén sosok ieu téh tukang barontak (ngalawan ka Pamaréntah), satemenna ieu téh mangrupa hianat nu panggedéna”. Malahan, sababaraha kali manéhna nulis yén - “Kuring méré panyaksén kalawan kanyaho kuring sorangan yén ieu sosok téh katut bapana nyaéta Mirza Ghulam Murtaza Sahib mangrupa sosok-sosok anu boga itikad hadé ka Pamaréntah Inggris”.

Alhasil, dina waktu **Pamaréntah anu Wijaksana** ieu samasakali teu merhatikeun hal-hal anu ditepikeun ku jalma nu dengki éta, nya dina ahirna manéhna mimiti ngahasut kaomna, jeung medalkeun fatwa ngeunaan kaula, nyaéta, “Maténi sosok ieu mangrupa jalan pikeun meunang pahala”.

⁸ Hiji inohong agama ti Sudan nu ngada'wakeun diri salaku Mahdi anu Dijangjikeun, sarta perang ngalawan nagara na sorangan (Panarjamah)

Ku sabab kitu, loba maulwi-maulwi nu séjén ogé anu sanggeus nénjo fatwa na, maranéhna ogé tuluy ngaluarkeun fatwa keur maténi kaula.

Alhasil tanpa ragu hal ieu téh pasti bener, yén upama Allah Taala kalawan KaruniaNa henteu ngayakeun ieu sarana-sarana, nyaéta Anjeunna maparin panangtayungan ka diri kaula ku perantaraan Pamaréntah nu agung ieu, mangka teu kacipta hal-hal [goréng] naon baé anu nepi ka kiwari dipigawé ku saurang *Gāzī* (tukang ngahasut perang) jeung mujahid saperti kitu! Ieu jalma téh sababaraha kali terus ngancam kaula ku nyebut Amir Kabul bari jeung nyebut yén lamun kaula indit kaditu (Kabul), tanwandé kaula moal bisa mulang masih hirup. Kana hal ieu téh kaula geus nyaho, yén ieu jalma téh pasti kungsi datang ka hareupeun Amir Kabul. Tapi, nepi ka kiwari ieu rusiah téh can kaungkab, yén naha jeung dumasar kana naon éta Amir téh méré jangji ka manéhna keur maténi kaula? Ngan baé, kudu diinget, yén asas anu jadi milik kaula lain kamunapékan. Upama ieu jalma geus ngahasut éta Amir ku nyarita patali jeung diri kaula ka éta Amir yén kaula nolak sumpingna Al-Mahdi, ogé Almasih sakumaha jalma-jalma anu boga pamadegan lahiriah keur ngadagoan, ku kituna kunaon kaula kudu sieun ka Amir Kabul

keur ngajelaskeun hal anu sabenerna. Sanajan caritaan kaula ieu dianggap teu sopan, kaula kalawan écés angger nyarita yén kaula nolak sumpingna Al-Mahdi, ogé Almasih tukang ngahasut perang. Sanajan kitu, naon baé ogé anu geus ditémbongkeun ka kaula ku Pangéran, kaula teu sanggup ninggalkeunana. Kaula percaya kana hal ieu, yén Islam bakal ngahontal kamajuan sacara rohani, sarta bebeneran bakal sumebar ku cara ngaliwatan karapihan sarta karukunan. Tapi kaula kacida kuciwa na kana kaayaan ieu jalma, dimana manéhna loba ngarobah pamadeganana. Ka para maulwi, kalawan rerencepan manéhna nyaritakeun hiji hal, sedengkeun ka Pamaréntah Inggris manéhna nepikeun hal nu béda. Tuluy di hareupeun Amir Kabul, sangkan bungah, manéhna nyaritakeun akidah-akidah nu sarua jeung kahayangna.

Kaula boga kayakinan yén ieu jalma téh, dina waktu manéhna nepi ka Kabul, manéhna némbongkeun akidah anu saluyu jeung kahayang-kahayang nu dipimilik Amir, sabab, lamun Amir Kabul téh jalma anu upama manggih hiji jalma nu ngagem akidah nu béda jeung inyana, mangka dina waktu éta pisan ogé inyana Amir bakal gancang maténi éta jalma, nya datang hiji pananya, yén kumaha bisana manéhna

(Husén Batalwi) mulang kalawan salamet ti Amir nu saperti kitu? Naha ieu jalma téh sanggup ikrar yén manéhna boga akidah nu sarua jeung Amir Kabul?

Saleuwihna ti éta, nya akidah-akidah kaula sakumaha éta téh akidah-akidah nu tétéla bener, anu ku kituna ogé suci tina unggal pitenah sarta pinuh ku kaberkahan. Jalma nu wijaksana sanggup ngalenyepan yén akidah-akidah kaula ieu – nyaéta moal sumping wujud Al-Mahdi, ogé Almasih nu bakal ngajadikeun ieu beungeut bumi beureum ku getih, sarta inyana ogé bakal ngajadikeun jalma-jalma ngagem agama Islam ku cara dipaksa – mangrupa akidah-akidah nu hadé sarta éndah, anu éstu dumasar kana asas-asas daméy jeung lemah-lembut, nepi ka ku sabab éta taya hiji lawan ogé anu meunang kasempetan pikeun nuduh ka Islam ngeunaan rupa-rupa hal nu sipatna maksa, sarta taya ti antara jalma nu kapaksa kudu lumaku sakarepna tanpa alesan anu jelas, ogé moal aya deui kokotor dina kondisi ahlak, sarta henteu ogé jalma-jalma nu nuturkeun akidah suci ieu kudu nyorang kahirupan nu pinuh ku kamunapékan dina mangsa aya dina naungan hiji Pamaréntah anu béda agama.

Tapi, akidah anu patukang tonggong jeung akidah-akidah kami, anu keur éta hal, jalma-jalma neundeun harepanana, geus teu perlu dijelaskeun deui kalawan

wincik. Mugi-mugi Pamaréntah kami anu pinuh ku kawijaksanaan inget yén golongan anu bahya di antara sakabéh golongan nu béda-béda di jero umat Islam nyaéta golongan anu miboga akidah-akidah anu ngabahyakeun. Muhammad Husain Batalwi anu nyaruakeun kaula jeung Mahdi Sudani, kacida gedé na ieu tipuan téh ka Pamaréntah, Écés pisan kaula lain jalma nu percaya kana jihad⁹ nu sarupa kieu sarta henteu ogé kaula boga kayakinan sosok Mahdi saperti kitu, ogé kaula henteu nungguan sumpingna sosok Almasih sarupa kitu, anu padamelanana ngajalankeun jihad jeung ngabahékeun getih. Ku sabab éta, jadi nya naon atuh sarupana [Mahdi] Sudani jeung kaula, ogé naon kacocogan nu aya diantara kaula jeung inyana? Sabab, sajahuh pamikir kaula, kaula nyaho yén akidah-akidah Mahdi Sudani nu puguh mah kacida sarupa na jeung akidah jalma-jalma éta. Upama Muhammad Husain jeung 10 atau 20 maulwi séjénna nu mangrupa baterna diperedih keur nepikeun pernyataanana kalawan sumpah di hareupeun hiji jeung nu séjénna, tanwandé kalawan gancang bakal kanyahoan, naha

⁹ Nyaéta, ngangkat pakarang sarta merangan jalma-jalma nu lain Muslim, kalawan tujuan sangkan arasup Islam (Pancarjamah)

akidah-akidah Mahdi Sudani sarua jeung akidah-akidah kaula atawa jeung akidah-akidah maranéhna?

Kaula sabenerna teu nganggap perlu keur ngajelaskeun hal-hal éta, lantaran Pamaréntah anu mulya ieu kacida wijaksana na jeung inyana moal beunang katipu ku nu séjén. Ngan baé, lantaran Muhammad Husain sababaraha kali nepikeun ieu tuduhan ka kaula, yén amalan kaula siga nu sarua jeung amalan Mahdi Sudan sarta malah leuwih bahya, ku sabab éta kacida pentingna sangkan kaula méré jawaban kana tuduhan palsu ieu. Mungguh kaula muji syukur ka Allah Taala lantaran Anjeunna tos ngajaga diri kaula tina amalan-amalan anu pinuh ku kamunapékan. Kaula teu pisan-pisan saperti Muhammad Husain anu ngébréhkeun hiji akidah di hareupeun Pamaréntah Inggris, tapi mintonkeun akidah nu béda upama aya di hareupeun para Maulwi nu sarua jeung manehna. Kabiasaan Muhammad Husain Batalwi ieu téh kacida ngérakeun jeung kacida cawadeunana, nyaéta waktu nembrakkeun pamadeganana nu sarua jeung akidah para maulwi séjénna ngeunaan sosok Mahdi, jeung nyakitu ogé manéhna geus ngajadikeun Amir Kabul bungah, nepi ka manéhna meunang duit nu kacida lobana, hadiah ti éta Amir. Tapi, di hareupeun Pamaréntah, manéhna

ngajelaskeun yén manéhna téh geus mikangéwa sakabéh akidah saperti kitu jeung kana hadis-hadis saperti kitu ogé nganggap éta téh salah sarta palsu. Naha kabiasaan siga kieu téh ngarupakeun sikep nu pantes dipuji? Samasakali, henteu. Allah Taala moal mungkin rido ka jalma-jalma munapéék jeung moal ogé aya Pamaréntah nu wijaksana rido ka maranéhna. Sipat nu kacida alusna nyaéta ayana nu sarua antara lahir jeung batin.

Pamaréntah, dirina sanggup kalawan mikiran yén naon sababna jalma-jalma ieu téh sikepna ambek ka kaula, jeung naon sabenerna nu jadi lantaran ambekna maranéhna. Keur Pamaréntah, panyaksén Sir Sayyid Ahmad Khan K.C.S.I. geus kacida cukupna, nyaéta panyaksén ngeunaan diri kaula anu geus disebarkeun ku manéhna di tungtung hirupna, jeung malahan manéhna ogé geus méré naséhat ka sakabéh umat Islam yén kuduna maranéhna ngalakonan amalan nu sarua jeung amal kaula, nyaéta nu patali jeung ajaran-ajaran kaula ngeunaan lumaku ka Pamaréntah Inggris. Saha jalma nu hadé haté anu dina waktu apal kana ieu perkara, henteu jadi hanjakal, sanajan Muhammad Husain upaya ngahasut umat Islam pikeun nimbulkeun kasedih ka diri kaula ku cara-cara anu kacida goréngna. Kaula ngajak jalma séjén muru kana

perkara-perkara rohani, ngan ku sorangan, sarta tara nyaritakeun Muhammad Husain. Ujug-ujug wé manéhna nyiapkeun hiji fatwa ngeunaan kaula jeung manéhna terus usaha sangkan kumaha jalma réa nyebut ka kaula, kapir jeung dajal.

Mimiti, éta fatwa téh ditepikeun ka hareupeun guru na, Nazir Husain Dehlawi. Lantaran Nazir Husain sorangan mangrupa inohong nu sa-akidah jeung boga fitrat anu sarua jeung manéhna, ogé kasadaran-kasadaranana geus nincak umur nu kolot, ogé saperti halna para Mullah séjénna nu pikiranana déét, sacara tabé'at manéhna loba neundeun kangéwa jeung bakhil, nepi ka lantaran éta pisan manéhna kalawan gancang jeung teu mikir deui, langsung méré panyaksén ngeunaan kapir na kaula. Tuluy, naon anu kajadian saterusna? Sakabéh murid-murid nu meunang ajaran ti manéhna ogé ngaluarkeun fatwa kapir. Ya, mémang hal ieu téh hiji perkara dimana hiji jalma bakal nyaho bebeneranana téh sanggeus manéhna ngalaman maot, yén sabenerna saha nu kapir jeung saha nu mu'min. Tapi, di dieu kaula ngan hayang nembrakkeun yén satemenna Muhammad Husain tanpa hiji sabab, ngan lantaran manéhna ngamusuhan, jadi geus nyiapkeun fatwa ieu, jeung manéhna ngalakonan lumampah ka sababaraha tempat di Hindustan keur ngumpulkeun

ratusan stémpel dina éta fatwa téa, yén jalma ieu (kaula) téh jalma kapir jeung dajal. Ti harita nepi ka kiwari, manéhna teu eureun tina nepikeun rupa-rupa panyawad, jeung panghina manéhna ku leungeunna sorangan nulis tulisan-tulisan nu di jero na aya hinaan-hinaan, tuluy dicitak ku manéhna maké ngaran Muhammad Bakhsh Ja'far Zatalli Lahori jeung Abul Hasan Tibetti. Tuluy manéhna terus nulis sabagian gedé éta tulisan-tulisan téh kana risalah-risalah milik manéhna mangrupa kutipan.

Ieu kabéh téh perkara-perkara anu geus bukti, jeung lain ngan saukur sangkaan-sangkaan kosong. Nya kitu ogé manéhna nyieun fatwa keur maténi kaula. Manéhna geus sababaraha kali ngirimkeun paménta hayang *mubāhalah*, tapi tuluyna manéhna nu ngajauhan bari ngaruksak ngaran alus kaula ku nyebut yén kaula téu daék mubahalalah. Nya ieu pisan cukang lantaran anu tuluyna kaula nuliskeun selebaran wawaran ngeunaan *mubāhalah* (tanding du'a), tanggal 21 November 1898. Sanggeus éta Muhammad Husain meuli péso kalawan maksud ngagogoréng ngaran kaula, saolah-olah kaula hayang maéhan manéhna. Tapi, ieu jalma nu saméméh [meuli péso] méré fatwa maténi kaula, ku meuli péso éta sabenerna naon atuh nu ku manéhna hayang ditémbongkeun? Pikirkeun

ngeunaan éta, yén kaula geus kacida écésna nuliskeun harti nubuatan kaula éta dina selebaran, anu maksudna lain maotna hiji jalma atawa nu séjénna, malahan hartina nyaéta yén jalma nu kabuktian tukang bohong, mangka manéhna bakal dihina dina panénjo para ulama atawa saha baé ogé nu ngajungjung kaadilan. Éta kahinaan téh taya hubunganana jeung undang-undang. Tapi sanajan kitu mémang aya sababaraha jalma oportunist geus nepikeun hal ieu ka Pamaréntah kalawan tujuan sangkan kaula jadi udagan nu bisa kajiret ku undang-undang.

Upama harti ilham ieu ditanyakeun kalawan sumpah ka sababaraha jalma anu mahir basa Arab, sarta saméméhna prak ménta ka jalma-jalma nu mahir basa Arab sangkan ngécéskeun di hareupeun kaula, mangka ieu tuduhan téh moal bisa terus sanajan ngan ukur saléngkah, lantaran satemenna kahinaan sarupa kieu anu ngan dilantarankeun ku putusan-putusan ulama, samasakali taya hubunganana jeung undang-undang Pamaréntah. Tapi kanyataanana éta hal téh teu kajadian, jeung ku lantaran kitu nya timbul masalah gedé. Padahal dina salebaran tanggal 21 Nopémber jeung 30 Nopémber 1898, katerangan wincik ngeunaan éta ogé geus aya. Nubuatan kaula nu patali jeung Atham sarta Lékham, Muhammad Husain saluyu

jeung kabiasaan lila na, manéhna hayang nyokot mangpa'at tina éta nubuatan ku cara nyebutkeun yén saolah-olah sakabéh pitenah jeung ayana tumpahan getih téh kajadian lantaran ayana saran jeung paréntah kaula, sarta méré nubuatan-nubuatan saperti kitu téh kabiasaan kaula nu geus lila. Tapi, kacida matak hanjakalna lantaran taya saurang ogé nepi ka kiwari anu boga pikiran yén dina waktu harita, éta dua nubuatan téh kajadian sanggeus aya dina pangjurung anu kacida kuatna ti éta dua jalma téa, jeung maranéhna kalawan karepna sorangan, justru nu geus leuwih tiheula nyebarkeun éta nubuatan-nubuatan téa saméméh kaula nyebarkeunana, sarta éta kitu téh aya buktina nu cukup. Tuluy, nya tuduhan naon sabenerna anu bisa ditepikeun ka kaula? Nya, saluyu jeung eusi nubuatan-nubuatan téa, duanana dina ahirna maot jeung ngabuktikeun benerna nubuatan-nubuatan téa: Nu saurang maot sacara alami, sedengkeun nu saurang deui maotna dipaténi ku jalma séjén. Abdullah Atham – nu maot sacara alami - teu kungsi nétélakeun yén dina waktu nubuatanana kungsi aya kajadian nu ngajorag ka dirina kalawan tujuan rék maténi. Lantaran éta nubuatan téh aya saratna, nya hal éta téh ngajadikeun kasieun ayana agungna Islam dina jero haténa; jeung manéhna geus nyokot sababaraha paédah tina éta,

dimana salila manéhna cicing, manéhna terus hirup sarta dina waktu manéhna mimiti nyarita lantaran paménta jalma-jalma Kristen séjénna yén manéhna saeutik ogé teu ngarasa sieun ku agungna Islam, mangka balukarna tina carita bohongna éta, Pangéran buru-buru ngangkat nyawa na sangkan nétélakeun kasampurnaan éta nubuatan di hareupeun manusa. Ngeunaan hal ieu téh saméméhna geus ditulis dina ilham kaula.

Ku kituna, ngeunaan Abdullah Atham, nubuatan ngeunaan dirina geus sampurna dina dua rupa. Kahiji, saluyu jeung sarat Ilham, Pangéran Nu Maha Welas maparin pa-nunda-an ka manéhna – sakumaha *Sunatullāh* dina nubuatan-nubuatan *wā'iz* (peringetan) - dilantarankeun ayana sikep sieun kana agungna Islam, dimana nepi ka 15 bulan manéhna eureun nyarita tina ngahina Islam. Satuluyna sanggeus 15 bulan nyaéta sanggeus liwat dangka waktu nubuatan, di jero haténa timbul pamikir yén paédah ayana panundaan jeung ahirna kitu téh lain lantaran ayana sikep sieun ti dirina, tapi ngan hiji hal nu kabeneran wé kajadianana siga kitu. Tuluy, dina waktu manéhna keukeuh dina angkeuhanana éta, sarta manéhna gé nyaritakeun sababaraha hal nu diaya-ayakeun, tur manéhna boga angkeuhan yén dirina geus salamet,

mangka Allah Taala nyandak deui panyalindungana. Na ti diri manéhna, tur manéhna ogé ahirna maot dina waktu genep bulan sanggeus kaula nyebarkeun salebaran béwara nu ahir ti kaula sangkan jalma-jalma nyaho yén manéhna ngan ukur nyokot paédah tina saratna, tuluy dimana manéhna ngaruksak éta sarat téa, nya manéhna buru-buru dicekel. Ku kituna ka Atham geus sampurna dua nubuatan: (1) Nyokot mangpa'at tina sarat nu aya di manéhna, (2) Buru-buru dicekel sanggeus ngaruksak éta sarat; jeung dina nubuatan Lékhram mah taya sarat nanaon, ku sabab kitu ngeunaan manéhna ieu ogé geus sampurna ku hiji hal wungkul. Kacida bodona, dolim jeung pinuh ku hianat jalma nu nyebutkeun yén nubuatan ngeunaan Atham henteu cumpon, jeung pikeun kaula, naon deui nu perlu disebutkeun keur jalma saperti kitu, iwal ti *لَعْنَةُ اللَّهِ عَلَى الْكَافِرِينَ*.

Hal ieu ogé pantes keur diinget, yén sawaréh jalma anu fitratna bakhil jeung haténa lolong ogé nyieun tuduhan kana sababaraha nubuatan séjénna yén hal éta téh henteu cumpon. Tapi, hal éta téh éstuning ngan ukur kabohongan maranéhna, sarta hal nu sabenerna jeung saenyana nyaéta yén taya hiji ogé nubuatan kaula anu teu cumpon ngajadi bukti. Upama baé aya karagu-

raguan dina haté saha baé ogé, kuduna manéhna datang ka kaula kalawan niat anu lempeng, jeung upama sanggeus nepikeun rasa kabeuratna di hareupeun kaula, manéhna teu baé meunang jawaban anu cukup jeung nyugemakeun, mangka kaula siap nanggung sagala dengda. Nya ieu pisan hakékatna, yén jalma-jalma anu sarupa kitu ngedalkeun kabeurat maranéhna alatan maranéhna bakhil, lain dumasar kana kaadilan. Upama jalma-jalma ieu hirup di zaman Nabi *'alaihiṣ salām*, mangka ieu jalma-jalma téh bakal ngedalkeun kabeurat maranéhna ogé, saperti kabeurat nu dikedalkeunana ka kaula. Sing saha nu boga panon, kaula boga kamampuh nuduhkeun jalan keur manéhna, tapi sing saha nu geus jadi lolong lantaran manéhna bakhil, égois, jeung takabur, nya naon atuh anu bisa ditémbongkeun ku kaula ka manéhna?

Leuwih ti 3000 nubuatan nu pinuh ku berkah sarta nyampak dina ilham-ilham kaula nu lemah ieu tur henteu pasalia jeung kaamanan balaréa, éstu bener-bener geus sampurna. Ratusan jalma anu haténa beresih geus jadi saksi sampurnana, sarta loba kacida tulisan-tulisan anu geus disebarkeun saméméh cumponna éta, upama angger baé ogé aya jalma anu ku lantaran bakhil na terus ngedalkeun sangkaan-sangkaan sarta kabeurat-kabeurat tanpa alesan, jeung

teu nyokot pangalaman sacara langsung ku cara dumuk bareng jeung kaula, nyakitu deui manéhna teu tatanya ka jalma nu boga pangalaman, sarta kalawan ayana tipuan dajal jeung hianat, nyebarkeun kabeurat anu nyasabkeun, ogé manéhna henteu nahan dirina sorangan tina hianat jeung omongan nu pinuh ku bohong, mangka tétéla maranéhna téh ahli waris jalma-jalma nu geus taya dikieuna, anu teu nurut ka nabi-nabi suci Allah Taala. Mugia Pangéran salawasna ngajaga abdi-abdiNa dina panangtayunganaNa tina tuduhan-tuduhan palsu jalma-jalma nu nyarieun rencana tipu daya siga kieu.

Naon anu jadi sabab, jalma-jalma ieu ngaluarkeun tuduhan-tuduhan maranéhna ti tempat anu jauh, kawas tukang maling, jeung teu daék nepikeun tuduhanana kalawan langsung hareupeun kaula sakumaha ilaharna jalma nu haténa beresih, ogé naha maranéhna teu hayang ngadéngékeun jawaban? Nya, ieu pisan sababna, lantaran ieu jalma-jalma téh nyaho kana tujuan jeung teu jujurna maranéhna, ogé haté maranéhna unggal waktu ngingetan ka maranéhna yén upama maranéhna nepikeun kabeurat ieu kalawan langsung nu pinuh ku kabodoan, hianat, jeung taya hartina, mangka ku cara ieu kacida lobana aib maranéh nu pasti bakal kaungkab, ogé omongan-omongan

maranéh nu nipu bakal leungit dina sakiceup, tur dina waktu éta nu nyésa ngan ukur rasa handeueul, éra jeung hina; tur moal aya kabeurat nu nyésa saeutik ogé.

Kuduna diinget kalawan saenyana, yén dina nubuatan-nubuatan kaula taya hiji hal ogé anu conto-contona teu aya dina nubuatan-nubuatan para Nabi *'alaihi-mussalām* saméméhna. Jalma-jalma nu barodo jeung teu boga adab ieu, lantaran maranéhna teu meunang bagéan tina pangaweruh-pangaweruh agama anu jero jeung ma'rifat-ma'rifat, nya ku sabab kitu saméméh nyaho maranéhna *'Ādatullāh* (Adat kabiasaan Allah), maranéhna buru-buru ngaluarkeun kabeurat dilantarankeun ku rasa bakhil maranéhna; ogé maranéhna saluyu jeung ayat karimah

وَيَتَرَبَّصُّ بِكُمْ الدَّوَابُّ¹⁰

salawasna nganti-nganti hiji musibah tumiba ka kaula, sarta maranéhna teu nyaho kana pesen nu aya dina kalimah

عَلَيْهِمْ ذَائِرَةُ السَّوْءِ¹¹

¹⁰ Maranéhna nganti-nganti bencana-bencana tumiba ka maranéh. Q.S. At-Taubah 9:98 (Pancarjamah)

¹¹ Ka maranéhna baris tumiba hiji bencana nu goréng. Q.S. At-Taubah, 9:98 (Pancarjamah)

Saurang diantara maranéhna anu ngada'wakeun dirina salaku sosok anu mahir dina *Ilmu Al-Jafar* (élmu pikeun mikanyaho perkara-perkara gaib kalawan ngaliwatan hurup-hurup jeung angka-angka) geus nulis ngeunaan kaula yén, "Kalawan perantaraan *Ilmu Al-Jafar* kuring saréréa geus apal yén ieu jalma téh tukang bohong". Tapi jalma nu bodo ieu téh teu ngarti yén *Ilmu Al-Jafar* téh nyaéta hiji élmu nu bohong sarta geus ditolak, anu ku jalan ieu jalma-jalma Syi'ah nyieun kacindekan yén Abu Bakar r.a. jeung Umar r.a. téh *Na'ūdzubillāh* jalma-jalma dolim sarta geus kaluar tina wewengkon kaimanan.

Jadi, cara nu pinuh ku kabohongan ieu ngan bakal dicekel ku jalma nu haténa teu boga kasaluyuan jeung bebeneran. Upama ngaliwatan itungan saperti kieu, aya urang Hindu ogé anu nyieun kacindekan yén ngan ukur Hindu nu mangrupa agama nu bener, sarta agama anu dibawa ku sakabéh nabi séjénna, éta bohong, ku kituna naha sakabéh agama téh jadi bohong? Kacida matak kaduhungna, jalma-jalma ieu geus nyebut dirina Muslim, tapi kajebak dina lamunan nu siga kitu, padahal kasyaf jeung impian tiap jalma henteu sarua. Kasyaf anu sampurna, nu dina Al-Qur'an dijelaskeun maké istilah *izhār 'alal gaib* (kaunggulan nu sampurna dina perkara nu gaib), jeung saperti hiji bunderan nu

ngawengku pangaweruh nu sampurna, ieu hal henteu dinugrahaheun ka unggal jalma, ngan dibikeun ka abdi pilihanNa. Kasyaf jeung wahyu jalma-jalma nu boga kalemahan-kalemahan [rohani], nya mémang lemah, dina ahirna bakal ngajadikeun maranéhna kawiwirangan.

Hakékat *izhār ‘alal gaib* nyaéta ibarat hiji jalma nu geus naék ka hiji tempat nu luhur, manéhna nénjo sagala rupa nu aya di sakurilingeunana, tinangtu kalawan gampil sagala rupa bakal katénjo ku dirina. Tapi, upama aya jalma nu hayang nénjo hal-hal éta tina wangunan nu leuwih handap, tangtu bakal loba kacida nu teu katénjo ku dirina. Ieu pisan adat kabiasaan Pangéran ka abdi-abdiNa anu kapilih, mawa panénjo-panénjo maranéhna nepi ka tempat nu luhur, nu hasilna mawa maranéhna mampu kalawan gampil nénjo sagala rupana, sarta maranéhna ngabéwarakeun hasil ahirna. Tapi jalma nu aya di tempat nu leuwih handap moal sanggup ngabéwarakeun hasil ahirna. Nya ku lantaran ieu, Bal’am geus katipu dina mikawanoh Nabi Musa a.s. sarta manéhna teu mampu nyaho luhurna darajat anjeunna a.s. salaku abdi pinilihNa anu ku ngahormatna, sikep manéhna bakal sopan di payuneunana.

Dina waktu Nabi Isa a.s. ogé, diantara jalma-jalma Yahudi loba nu meunang ilham jeung ngimpi, tapi lantaran maranéhna aya di tempat nu handap, tur maranéhna henteu meunang anugerah darajat *'izhār 'alal gaib*, nya ku sabab kitu maranéhna henteu boga kamampuh mikawanoh Nabi Isa a.s., jeung ngan boga anggapan ukur salaku insan nu sarua, malah salaku sosok anu leuwih handap ti diri maranéhna. Hal kieu téh mangrupa hiji ujian keur saha baé anu meunang wahyu jeung ahli ngimpi, sabab upama taya karunia Pangéran marengan maranéhna, nya lolobana ti antara maranéhna binasa; tur babasan

نيم ملا خطرۃ ايمان

(Mullah nu déét élmu téh bahaya keur iman) jadi ngabukti ka maranéhna. Ku kituna kudu diperhatikeun: Bédana antara *qiyām nasyīb* (nangtung di tempat nu handap, ngan meunang sabagian leutik perkara nu gaib) jeung *izhār 'alal gaib* (kaunggulan nu sampurna dina perkara nu gaib).

Loba kacida para *mulham* (nu narima ilham) anu buta panénjo batinna, tur maranéhna teu ingkah tina tempat nu handap ka tempat nu luhur, maranéhna nyebarkeun ramalan-ramalan nu tumali jeung kaula nu eusina saolah-olah ayeuna ogé Jemaat kaula téh bakal

musna. Upama maranéhna tobat, nya éta téh hadé keur maranéhna. Maranéhna kuduna salawasna inget yén bagéan tengah tina jumenengna para Nabi *'alaihimussalām* gé, teu leupas tina rupa-rupa musibah, tapi ahir anu ku anjeunna dihontal, salawasna ahir anu hadé. Nya kitu ogé, upama urang dina jero tahapan-tahapan panengah ieu kalindih ku kasedih atau ngarandapan hiji musibah, upama dihartian sabagé putusan ahir ti Allah Taala, éta téh kaliru. Jangji pasti Allah Taala nyaéta yén Anjeunna pasti bakal nurunkeun kaberkahan ka Jemaat kaula sarta Anjeunna pasti bakal maparin seueur kacida kaberkahan ka abdi-Na ieu, nepi ka para Raja bakal néangan kaberkahan tina papakéan kaula ieu. Anjeunna ogé bakal ngajadikeun unggal ujian, boh nu kajadian ayeuna atau dina mangsa nu bakal datang, jadi ahir anu alus; jeung dina ahirna Anjeunna ngaberesihkeun tina sagala tudingan-tudingan musuh-musuh anu kacida. Loba pisan wahyu-wahyu suci ti Anjeunna nu katarima ngeunaan hal ieu, upama kabéh ditulis, tanwandé salebaran ieu bakal jadi hiji buku leutik. Sabab kitu, keur conto, kaula boga maksud nuliskeun sababaraha wahyu jeung hiji impian, saperti ieu:

Dina poé Jumaah peuting tanggal 21 Ramadan anu pinuh berkah, 1316 Hijriah, dina waktu éta dimana

kaula ngarasa yén karohanian sumebar, ogé waktu éta kaula boga angkeuhan yén ieu téh peuting *Lailatul Qadr*, sarta ti langit turun hujan lalaunan bari jeung tenang, kaula ningal *ru'ya* (ngimpi) – impian ieu patali jeung maranéhna anu terus-tumerus usaha nimbulkeun syak wasangka ngeunaan kaula di hareupeun Pamaréntahan anu dipihormat – kaula ningal yén hiji jalma keur meredih ka kaula bari nyarita, “Upama Pangéran anjeun téh Pangéran Anu Maha Kawasa, prak anjeun meredih ka Anjeunna sangkan batu nu aya di luhureun sirah anjeun, jadi munding,” nya dina waktu éta kaula ningal yén aya hiji batu anu cukup beurat di luhureun sirah kaula, anu sakapeung kaula boga angkeuhan éta téh batu, ogé sakapeung kaula boga angkeuhan éta téh kai. Dina waktu éta, dimana kaula nyaho, nya ku kaula diragragkeun ka taneuh. Tuluy kaula ogé ngadu’a ka Pangéran Anu Maha Esa sangkan éta batu téh dirobah jadi munding, kaula larut dina du’a; tuluy sanggeus kitu, dina waktu kaula cengkak ngangkat sirah, nya naon anu katingal ku kaula? Éta batu téh geus robah jadi munding.

Mimiti, kaula nénjo kana dua mata na; nu katénjo matana téh kacida gedé jeung hérang; tuluy waktu kaula ningal, dimana Pangéran tos ngajadikeun hiji batu nu saméméhna teu boga mata, jadi hiji munding

anu éndah, nu boga mata nu gedé jeung hérang, hiji mahluk nu boga nyawa tur gedé mangpa'atna; [sanggeus ningal nu éndah ieu], bari jeung inget kana kaagungan Pangéran, kaula aya dina kaayaan rohani anu khas, sarta buru-buru sujud. Dina sujud, kaula ngedalkeun kaagungan Allah Taala ku kalimah ieu:

رَبِّيَ الْأَعْلَى رَبِّيَ الْأَعْلَى

(Nun Gusti Nu Maha Luhur, Nun Gusti Nu Maha Luhur)
sarta sora kaula ieu kacida tarikna, nepi ka, kaula boga angkeuhan yén sora kaula téh kadéngé nepi ka tempat jauh; dina waktu éta kaula nyarita ka hiji wanoja/awéwé nu keur nangtung deukeut kaula, ngaranna Bhanu, sarta bisa jadi manéhna anu ménta du'a saméméhna, kaula nyarita “Tingali Pangéran urang, kumaha Gusti Anu Maha Kawasa geus ngajadikeun sapotong batu jadi munding tur nganugrahakeun dua mata ka éta munding.” Tuluy waktu kaula nepikeun hal ieu, dina waktu éta lantaran gambaran Kaagungan Gusti Nu Maha Luhur, saharita haté kaula guligah/bergejolak jeung sanubari kaula balik deui pinuh ku puji-pujian ka Anjeunna, tur sakumaha saméméhna kaula mulang deui aya dina kaayaan rohani anu khas sarta buru-buru sujud – satuluyna kaayaan ieu téh ngajadikeun kaula sujud

terus tumerus di payuneun singgasana Gusti Anu Maha Luhur bari ngadugikeun, “Hé Ilahi, kacida luhurna Kaagungan Anjeun, tur kacida ajaibna Padamelan Anjeun, dimana Anjeun tos ngajantenkeun sapotong batu nu teu nyawaan janten hiji munding, lajeng Anjeun nganugrahakeun dua mata anu ageung tur hérang dugi ka manéhna ningal sagala rupina; tur henteu ngan ieu wungkul, malahan susu ogé tiasa ku urang diarepkeun ti manéhna; hal-hal ieu téh mangrupa Kodrat ngeunaan naon anu kajadian saméméhna jeung kiwari geus ngajadi.” Kaula dina kaayaan sujud, panon kaula ogé beunta. Kira-kira wanci harita téh jam opat janari.

فَالْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَىٰ ذِكِّكَ

(Mangka sagala puji haturan Allah pikeun sagala rupa éta).

Kaula ngagambarkeunana kitu, nyaéta para musuh nu boga kabiasaan kasar, anu geus nyieun perkara-perkara anu sabalikna tina kanyataan jeung samasakali bohong ngeunaan diri kaula sarta nepikeun hal éta ka Pamaréntah, maranéhna moal hasil. Jeung sakumaha dina impian, Allah Taala geus ngajadikeun sapotong batu anu robah jadi hiji munding, sarta nganugrahakeun mata nu gedé tur hérang ka manéhna, mangka nya saperti kitu ogé nu patali jeung kaula,

Anjeunna bakal nganugrahakeun panon batin jeung panénjo ka Pamaréntah, tur maranéhna bakal nepi kana hakékat anu sabenerna. **Ieu téh Padamelan-padamelan Pangéran, sarta dina pangingali manusa mah hal ieu téh kacida ajaibna.**

Kaula kacida muji syukur yén Pamaréntah anu urang aya di jero na, maranéhna jalma-jalma anu lapar jeung halabhab kana bebeneran. Upama ogé maranéhna ngalakonan salah, maranéhna ngalakonan hal éta téh lantaran niat anu hadé tur maranéhna riweuh dina nalungtik fakta anu sabenerna.

Tuluy sanggeus éta, ilham-ilham anu kajadian ka diri kaula téh nya keur tambah kakuatan éta ru'ya. Hal ieu ogé ditulis ku kaula di handap ieu, sangkan dina waktu anu bakal datang dimana hal ieu jadi sampurna, kaimanan jalma-jalma bakal jadi kuat. Tapi kaula teu apal, iraha ieu jangji bakal sampurna, dina mangsa saha jeung iraha waktu sampurna na téh. Kaula nyaho kalawan sabenerna yén tipuan anu terus tumerus dibikeun ka Pamaréntah téh moal hayoh baé aya, jeung dina ahirna, nya ieu nu bakal kajadian, nyaéta para gegedén Pamaréntah nu resep kana kaadilan bakal nyaho kaayaan kaula nu sabenerna ngaliwatan kamampuh pikeun nénjo perkara-perkara lahir, kamampuh keur nimbang-nimbang jeung pikiran anu

jelas anu dibéré ku Gusti Pangéran. Nya ku kituna, kakara sakumaha nu katénjo ku kaula, hakékat diri kaula nu sabenerna bakal kabuka ku para gegedén Pamaréntah, nyaéta tanpa ayana bantuan manusa, kakawasaan Allah Taala geus ngajadikeun sapotong batu jadi hiji munding bodas nu éndah kacida tur méré ka inyana panon nu pinuh ku cahya. Ngan baé, waktu jeung poéna mah ngan ukur Gusti anu uninga. Sanajan kitu, gancang atawa lila, niat jeung sikep kaula anu alus ka Pamaréntah nu dipihormat, dibarengan kasatiaan sampurna kaula ka Pamaréntah bakal kabuka ka unggal jalma, jeung pamadegan-pamadegan anu disebarkeun ngeunaan diri kaula bakal kabuktian salah, sarta ilham-ilham anu nguatkeun ru'ya ieu, unina kieu:

إِنَّ اللَّهَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا وَالَّذِينَ هُمْ مُحْسِنُونَ. أَنْتَ مَعَ الَّذِينَ اتَّقَوْا، وَأَنْتَ
مَعِيَ يَا ابْنَ آدَمَ. يَا تَيْبُكَ نُصْرَتِي. إِنِّي أَنَا الرَّحْمَنُ. يَا أَرْضِ ابْلِغِي مَاءَكَ، وَيَا
سَاءَ أَقْلِعِي. غِيْضَ الْبَاءِ، وَقُضِيَ الْأَمْرُ. سَلَامٌ قَوْلًا مِّن رَّبِّ الرَّحِيمِ. وَامْتَارُوا
الْيَوْمَ أَيُّهَا الْمُجْرِمُونَ. إِنَّا تَجَالَدْنَا، فَأَنْقَطَعِ الْعُدُوْ وَأَسْبَابُهُ. وَيَلِ لَهُمْ أَنِّي
يُؤْفَكُونَ. يَعِضُّ الظَّالِمُ عَلَى يَدَيْهِ وَيُوثِقُ. وَإِنَّ اللَّهَ مَعَ الْآبِرَارِ، وَإِنَّهُ عَلَى

نَصْرِهِمْ لَقَدِيرٌ. شَهِتِ الْوُجُوهُ. إِنَّهُ مِنْ آيَاتِ اللَّهِ، وَإِنَّهُ فَتْحٌ عَظِيمٌ. أَنْتَ أَسْبَى
الْأَعْلَى، وَأَنْتَ مِنِّي بِسُنْزِلَةٍ مَحْبُوبِينَ. اخْتَرْتِكَ لِنَفْسِي. قُلْ إِنِّي أُمِرْتُ وَأَنَا
أَوَّلُ الْمُؤْمِنِينَ

Nyaéta, Allah Taala bareng jeung jalma-jalma anu tarakwa jeung jalma-jalma nu migawé kahadéan, Anjeun nyarengan jalma-jalma anu tarakwa sarta hidep bareng jeung Kami, hé Ibrahim, pitulung Kami bakal nepi ka hidep. Kami téh Rahman. Hé bumi! Teureuy cai anjeun [maksudna: fitnah atawa huru-hara nu ditimbulkeun ku pangaduan-pangaduan palsu tur provokatif anu sumebar di sakuliah nagri]. Éta cai [fitnah] diorotkeun sarta bérés wéh éta perkara téh. Kasalametan haturan anjeun, Gusti Nu Maha Rahim maparin firman kieu," Hé jalma-jalma nu dolim, prak marisah manéh dina poé ieu. Kami geus ngéléhkeun musuh-musuh, jeung megatkeun sakabéh sarana-sarana maranéhna. Nya kabinasaan keur maranéhna. Kacida goréngna maranéhna ngaréka-réka kabohongan. Jalma nu dolim bakal ngégél leungeunna sorangan tur bakal dieureunkeun tina kajahatan-kajahatanana. Sarta Allah Taala bakal marengan jalma-jalma Saléh. Anjeunna Maha

Kawasa pikeun nulungan maranéhna. Beungeut-beungeut bakal surem jeung surem. Nya ieu téh tanda-tanda Pangéran jeung ieu téh meunang na anu agung. Hidep téh ngaran Kami anu agung, tur hidep aya dina maqam para kakasih. Kami geus milih hidep keur Kami, caritakeun,"Kaula téh jalma anu geus ditetepkeun ku Allah, jeung kaula téh jalma nu pangheulana percaya di antara jalma-jalma nu ariman."

Hiji Cara Nguji nu Nyata Pikeun Mikanyaho Saha Jalma-Jalma nu Ngabogaan Niat Hadé ka Pamaréntah

(Kalawan hormat kaula meredih ka Pamaréntah nu mulya, sangkan maca tulisan ieu kalayan taliti tur saluyu jeung pamaksudan tina pameredih kaula supaya nguji ka dua pihak)

Ku lantaran Maulwi Abu Said Muhammad Husain Batalwi, juru telik *Isyā'atus Sunnah*, teu weléh usaha kalawan rerecepahan sangkan Pamaréntah Inggris nu dipihormat neundeun sangkaan goréng ka kaula, ti sababaraha taun kaula geus nyaho kana kabiasaan ieu. Ku sabab kitu, kaula nganggap perlu netepkeun hiji cara pikeun nguji antara Muhammad Husain jeung kaula, nu kalawan perantaraan Pamaréntah nu mulya baris nyaho saha nu miboga kahayang hadé jeung saha nu miboga kahayang goréng tur nyumput. Dina mangsa nu bakal datang, Pamaréntah urang saréréa nu wijaksana kalawan cara pangujian saperti ieu bisa ngabédakeun di antara dua pihak, saha anu iklas jeung saha nu munapéék. Jadi, dina panénjo kaula, cara ieu téh

nyaéta: Sababaraha akidah anu lantaran kasalahpahaman dianggap sabagé akidah-akidah Islam, tur sing saha nu ngajadikeunana sabagé akidah, manéhna ngabahayakeun pikeun Pamaréntah, pék jadikeun akidah-akidah éta minangka sarana pikeun mikanyaho saha nu muhlis jeung saha nu munapék; Sarana éta téh nyaéta: Urang, dua pihak, nuliskeun éta akidah-akidah dina basa Arab jeung Parsi, dicitak jeung disérénkeun ka Pamaréntah Inggris, sangkan disebarkeun sa-sugema-na di Arab, nyaéta Makkah jeung Madinah sarta nagara-nagara Arab séjénna, Kabul, Iran, jeung lianna. Ku cara kitu, jalma nu miboga sipat munapék kanyataanana baris kabuka sabab maranéhna samasakali moal rék nuliskeun akidah-akidah nu kalawan atra jeung bener, tur ngajelaskeunana kalawan tétéla, pikeun maranéhna mah éta téh matak binasa, sarta mustahil pikeun maranéhna nyebarkeun akidah-akidah éta tur ngirimkeun émbaran-émbaran saperti kitu di Makkah jeung Madinah, pikeun manéhna leuwih goréng tina nemahan pati.

Jadi, sanajan ti 20 taun katukang kaula ngarang kitab-kitab saperti kitu dina basa Arab jeung Parsi tur nyebarkeunana di nagara-nagara Arab jeung Pérsia, tapi demi tujuan ujian ieu, ayeuna ogé dina émbaran

ieu kaula nulis hiji tulisan dina basa Arab jeung Parsi ngeunaan akidah-akidah kaula nu pinuh katengtreman, riwayat-riwayat nu kaliru ngeunaan Mahdi jeung Almasih sarta ngeunaan Pamaréntah. Pamanggih kaula, perkara ieu téh penting yén lamun Muhammad Husain anu dikenal salaku pamingpin *Ahli Ḥadiṣ* nuturkeun akidah-akidah anu tengtrem saperti akidah-akidah kaula, sakuduna manéhna sanggeus medalkeun émbaranana dina basa Arab jeung Parsi, pék kirimkeun ka kaula 200 lambar, supaya disebarkeunana ku perantaraan kaula di Makkah, Madinah, Syam, Romawi, Kabul jeung nu séjénna. Nya kitu ogé, pék cokot 200 lambar émbaran kaula dina basa Arab jeung Parsi, supaya manéhna bisa nyebarkeunana saluyu jeung kahayangna.

Pamaréntah urang anu wijaksana sawadina inget kalawan taliti, yén nulis hiji risalah nu miboga harti rangkepan kalawan tujuan ngan pikeun nyenangkeun Pamaréntah jeung henteu nyebarkeun kalawan sapantesna, ieu téh lain sikep nu jujur. Ieu téh perkara séjén. Kalawan haté nu bener tur pinuh sumanget, saenyana nyebarkeun hiji émbaran anu pasalia jeung akidah-akidah umat Islam nepi ka nagri-nagri lianna, ieu téh perkara nu béda deui, jeung mangrupa pagawéan hiji jalma nu miboga wawanén nu haté tur

létahna saluyu, sarta saéstuna ieu téh nu geus diajarkeun Pangéran ka inyana. Ku kituna, lamun jalma ieu (Muhammad Husain Batalwi) ngabogaan niat nu hadé, sakuduna manéhna ngalakonan pagawéan ieu. Lamun henteu, sapantesna Pamaréntah inget jeung inget kalawan saenyana, yén lamun manéhna henteu nyebarkeun émbaran dina basa Arab jeung Parsi pikeun ngayonan kaula, nya kamunapékanana baris kabuktian. Ieu téh ngan saukur pagawéan sababaraha jam wungkul jeung salian ti niat goréng moal aya deui nu jadi panghalangna. Sakuduna Pamaréntah urang nu mulya nginget yén jalma ieu nu miboga sipat kamunapékan anu luar biasa jeung jalma-jalma nu dipingpin ku manéhna ogé, maranéhna boga pamadegan nu sarua.

Ayeuna, saluyu jeung jangji kaula, marengan ieu kaula nuliskeun émbaran Arab jeung Parsi, sarta dina narima bebeneran salian ti ka Allah Taala kaula henteu sieun ka sasaha. Kaula nganggap perkara ieu leuwih hadé pikeun nulis émbaran aslina dina basa Arab jeung nuliskeun tarjamahna dina basa Parsi demi susunan nu hadé jeung demi kasaluyuan nu sampurna tina éta dua émbaran, supaya kadua émbaran ogé misah, sarta émbaran basa Arab nu unggal jalma lain urang Arab henteu bisa macana kalawan babari, bakal aya ogé

tarjamahna. Ku kituna, ayeuna sanggeus nulis kadua émbaran ieu, kaula ngabarengkeunana jeung risalah ieu – **وَبِاللَّهِ التَّوْفِيقِ**.

Nu nulis, kaula anu lemah

Mirza Ghulam Ahmad ti Qadian

21 Pebruari 1899

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

نَحْمَدُهُ وَنُصَلِّي عَلَى رَسُولِهِ الْكَرِيمِ

Hé dulur-dulur kaula!

Assalāmu'alaikum wa raḡmatullāhi wa barakātuhu

Hé abdi-abdi Allah anu saléh! Hé dulur-dulur kaula nu asalna ti nagri Turki, Syam, tanah suci Makkah jeung Madinah, nu ngarupakeun tempat hijrah jungjunan urang Nabi Agung Muhammad *Khātamun Nabiyyīn*, katut nagri Pérsia, Mesir, Kabul jeung nagri-nagri séjénna.! Mugia Allah Taala maparin rahmat ka aranjeun, mugia Allah nulungan aranjeun, mugia Anjeunna salawasna marengan aranjeun di dunya jeung dina Poé Wawales. Mugia Anjeunna nuduhkeun ka urang katut aranjeun saréréa kana bebeneran anu baranang. Kaula ngagero aranjeun kana perkara-perkara anu dipikaseneng ku Allah Taala Nu Maha Asih jeung kaula ngagero aranjeun kana wasiat-wasiat Nabi Allah nu kacida mulyana, mugia Allah Nu Maha Akbar tur Maha Agung ngurniakeun jutaan salawat ka anjeunna, jeung saniskara nu katénjo di nagri ieu (Hindustan) ti sisi Allah Taala Nu Maha Asih tur Maha

Pangampura, kaula méré béja kabungah ka aranjeun ngeunaan anjeunna saw.. Ogé kaula méré béja kabungah ka aranjeun ngeunaan poé-poé Allah jeung medalna fajar sadiq (jalma-jalma bener). Kaula méré béja kabungah kalawan rahmat nu geus turun ti sisi Pangéran kaula saréréa tur Anjeunna téh Nu Maha Asih diantara anu mikaasih.

He abdi-abdi Allah! Allah Taala tos nojokeun paneuteup ka bumi tur ningali yén di jerona geus timbul loba pisan pitenah, kajujuran geus leungit, haté geus jadi teuas, dada geus jadi heureut. Taya poé jeung bulan nu kaliwat, salian ti pitenah anu terus nambahan jeung kasusah-kasusah beuki ngaronjat. Bumi geus pinuh ku rupa-rupa bid'ah sarta sunah katut Al-Qur'an geus ditinggalkeun. Niat-niat geus ruksak jeung kacintaan kana hawa nafsu geus ngawasa haté. Cahya kahadéan-kahadéan geus ngaleungit tina paroman. Ku lantaran ruksakna haté, paroman katémbong ngahideungan, rumeuk, lungsé, kusut jeung ngalaman kamunduran akibat borangan katut kasieun, sarta timbul rupa-rupa kacangcayaan jeung angen-angen, maranéhna henteu nyaho nanaon ka nu geus dibikeun ka maranéhna ti Nabi Muhammad saw.. Maranéhna geus mopohokeun wasiat-wasiat Al-Qur'an katut sabda-sabda Rasulullah saw.. Ngan saukur kulit

wungkul nu nyésa ti maranéhna tur maranéhna geus ngamomorékeun intisari iman. Maranéhna nujukeun sagembleng panénjona kana dunya jeung hawa napsuna. Maranéhna leuwih milih jalan-jalan sétan, jeung kaula nénjo kalolobaan ti maranéhna téh pasék, cologog, tur henteu sieun ka Pangéran. Aranjeun tangtu nénjo sawaréh ulama maranéhna mémang nitah kana kahadéan, tapi maranéhna henteu ngamalkeunana. Aranjeun mémang nénjo jalma-jalma nu nyebut diri maranéhna zuhud, ngalakonan ria jeung kosong tina niat nu ihlas. Maranéhna ogé henteu megatkeun dunya demi Allah Taala jeung henteu ogé takwa. Aranjeun nénjo manusa sacara lumrahna, maranéhna condong kana dunya jeung henteu nalingakeun saeutik ogé kana ahérat. Maranéhna kalawan ngahaja ngajadikeun diri maranéhna lolong jeung teu bisa nénjo. Maranéhna kasaréan kalawan pohara genah jeung teu sadar, padahal para pangagem agama-agama lianna, maranéhna ngagunakeun hartana jeung usaha satékah-polah pikeun nyebarkeun kasasaran.

Nyakitu ogé, bumi geus ruksak lantaran akidah-akidah nu goréng jeung geus némbongkeun bangbaluhna dina wujud rupa-rupa tipu daya jeung kabatilan-kabatilan. Kaasih Allah Taala geus

ngajadikeun Anjeunna pikeun ngutus salah saurang abdi ti antara abdi-abdiNa pikeun nyaangan haté nu poék, jeung ngaliwatan dirina ngoméan akar timbulna karuksakan. Nya Anjeunna tos milih kaula pikeun tujuan nu agung ieu salaku kurnia jeung rahmat ti sisiNa, jeung Anjeunna tos nganugrahakeun ka kaula bagéan nu pohara lobana tina ma'rifat-ma'rifat rohani, rusiah-rusiah nu nyumput tina élmu-élmu kanabian [Rasulullah saw.] jeung hakékat-hakékat Al-Qur'an. Anjeunna tos maparin wasta ka kaula Masih Mau'ud supaya kaula ngahirupkeun haté-haté nu paéh ku kudratNa nu sampurna, nyegerkeun deui tauhid jeung nguatkeun pondasi-pondasi agama.

Kaula téh saéstuna tanda ti Allah anu ditémbongkeun dina waktu nu manjing pikeun mikaasih mahluk-Na. Ku kituna naha aranjeun baris narima kaula, atawa bakal nolak nu datang ka aranjeun ti Allah Taala? Naon anu geus diparéntahkeun ka kaula, geus ditepikeun ku kaula ka aranjeun. Ku lantaran kitu pék aranjeun jadi saksi diantara para saksi. Maranéhna nu ngabohongkeun kaula, kabohonganana téh ngan ukur lantaran ku lolong jeung sasarna maranéhna. Maranéhna henteu ngalenyepan perkara-perkara nu kacida lembutna tina hadis-hadis Rasulullah saw.. Maranéhna jalma-jalma nu miboga

pamikiran céték jeung rurusuhan. Kapelit jeung mumusuhan nu ngawujud lantaran kahayang-kahayang hawa napsuna sorangan geus ngagenggem maranéhna, jeung topan kangéwa geus ngéléhkeun maranéhna, nu ngalantarankeun maranéhna henteu narima pituduh. Maranéhna nyarita yén Almasih baris turun ti langit jeung Al-Mahdi baris lahir ti anak katurunan Hazrat Fatimah Al-Zahra r.a., duanana bakal ngangkat pakarang jeung merangan jalma-jalma kapidir, ngocorkeun getih sarta moal rék mikarunya boh ka lalaki, ogé awéwé. Aranjeunna moal rék ninggalkeun jalan ieu jeung moal ogé ngasupkeun pedang-pedang kana sarangkana nepi ka sakumna manusa jadi urang Islam.

Jalma-jalma ieu nyarita yén Al-Mahdi baris nutupan sungut jalma-jalma kapidir lain ku tanda-tanda langit, tapi ku hukuman-hukuman dunya. Anjeunna moal rék nyésakeun hiji ogé imah di bumi ieu. Anjeunna bakal maéhan jalma nu dumuk jeung nu ngumbara, kajaba maranéhna jadi Muslim. Anjeunna bakal merangan jalma-jalma urang Kristen jeung ogé jalma-jalma nu asup Kristen. Saterusna anjeunna baris miang ka nagri-nagri Hindustan jeung bakal meunang kaunggulan anu luar biasa. Anjeunna bakal ngalaksanakeun rajapati jeung ngaranjah harta jalma-

jalma. Anjeunna baris meunang harta rampasan perang jeung bakal ngasupkeun ka panjara, lalaki-lalaki jeung awéwé-awéwé. Saterusna Almasih baris turun ti langit, supaya anjeunna méré bantuan ka Al-Mahdi saperti para bujang, sarta anjeunna (Al-Mahdi) moal rék narima jizyah, moal ogé narima fidyah. Anjeunna baris mikaresep maéhan jalma kapir di sakuliah dunya. Tah kitu, pasukan-pasukan ti duanana ieu bakal ngancurkeun bumi Allah tanpa welas asih bari ngocorkeun getih.

Jalma-jalma ieu nyarita yén sakabéh golongan ulama ti golongan awalin jeung ahirin ngamupakatan kana akidah-akidah éta. Generasi nu bakal datang ngariwayatkeun akidah-akidah éta ti generasi saméméhna, jalma-jalma kiwari ti jalma-jalma saheulaeunana jeung ti kalolobaan ulama.

Hé abdi-abdi Allah Nu Maha Asih!

Tapi kaula henteu manggihan kahadéan jeung benerna akidah-akidah éta, malahan sabalikna, kaula manggihan akidah-akidah ieu téh kacida nista tur hina anu lain asalna ti Nabi Karim saw.. Pangéran kaula geus ngadawuh ka kaula yén ieu téh hiji kasalahan jeung Rasulullah saw. henteu kungsi méré ajaran saperti ieu, saéstuna jalma-jalma ieu téh nyaéta jalma-jalma nu migawé kasalahan.

Jalan anu geus dituduhkeun Allah Taala ka urang saréréa nyaéta jalan kalemah-lembutan jeung kasabaran, sarta lain jalan maéhan, ngasupkeun ka panjara, jeung meunang rampasan perang. Tah ieu jalan nu bener tur wajib keur urang saréréa pikeun ngamalkeunana dina mangsa ayeuna. Sing yakin yén paréntah jihad [ngagunakeun pedang] geus aya dina awal Islam. Harita ngajaga jiwa kaom Muslimin gumantung kana maéhan nu nelasan bari jeung ngabales ka maranéhna, lantaran harita kaum Muslimin kacida saeutik, sedengkeun jalma-jalma kapir unggul, loba jumlahna jeung tukang ngocorkeun getih. Diturunkeunana paréntah perang ka jalma-jalma mukmin nyaéta waktu maranéhna dina mangsa nu lila, terus jadi kadoliman jeung panganiayaan, sarta maranéhna dipeuncit kawas domba, embé, jeung onta. Dangka waktu kadoliman jeung panganiayaan ieu kacida panjang pikeun maranéhna, tur kajadian terus-terusan. Nepi ka waktu kadoliman jeung panganiayaan ieu geus ngaliwatan wates tur waktu pameredih pitulung jeung humarurungna jalma-jalma nu taya pangawasa kadéngé, nya dina waktu éta dibéré ijin ka maranéhna, pék paéhan urang-urang kapir nu geus nelasan dulur-dulur katut barudak lalaki kaum Muslimin nu didoliman, sarta dicaritakeun ka

maranéhna, pék paraéhan anu nelasan jeung jalma-jalma nu ngabantuan maranéhna, tapi tetep waé ulah kaleuleuwihi, lantaran Allah Taala henteu mikaresep jalma anu kaleuleuwihi.

Dina waktu éta turun paréntah jihad. Lamun henteu, tujuanana lain sangkan kajadian pamaksaan ka jalma-jalma dina perkara agama. Taya saurang Nabi ogé anu diutus salaku tukang ngocorkeun getih, malahan sakabéh Nabi datang saperti hujan rahmat. Aranjeunna kabéh kakara perang sanggeus nanggung loba pisan katalangsaraan, rajapati, paranjahan jeung panangkepan dina leungeun para musuh, sarta sanggeus pitenah jeung karuksakan nu ditimbulkeun para musuh ngaliwatan wates-wangen. Tapi, dina mangsa ayeuna sunah ieu geus dipungkas, sabab nu jadi lantaranana geus teu aya. Paréntah nu geus dibikeun ka urang saréréa nyaéta dina ngayonan musuh sakuduna ngalakukeun sasayagian sakumaha maranéhna ngalawan urang saréréa. Salila maranéhna acan merangan urang maké pedang, nya urang ogé moal rék ngangkat pedang leuwih ti heula. Aranjeun nénjo yén dina waktu ieu dina perkara-perkara agama, jalma-jalma Kristen henteu maéhan urang jeung taya ogé bangsa boh nu jauh boh nu deukeut nu ngalakukeun hal sarupa kitu. Hal samodél kieu téh

matak ngadatangkeun wiwirang pikeun Islam, dimana jalma-jalma nu datang ka urang kalawan lemah lembut, tapi urangna malah ninggalkeun sikep lemah lembut ka maranéhna. Hé golongan jalma-jalma nu dipihormat, pék lenyepan [perkara ieu].

Kaunggel aya katerangan dina *Ṣaḥīḥ Al-Bukhārī* yén Almasih nu dijangjikeun bakal ngeureunan peperangan-peperangan, maksudna nyaéta inyana moal ngagunakeun tombak jeung pedang. Kaula samasakali moal ngalawan paréntah ti Nabi Karim saw., sarta sunah Nabi urang saw., leumpang dina luhur jalan ka-lemah-lembutan éta. Ku lantaran kitu, hé golongan jalma-jalma nu wijaksana! Jalan naon anu leuwih utama tina éta? Geus cukup pikeun aranjeun naon anu geus disabdakeun ku Jungjunan urang Hazrat *Khātamun Nabiyyīn* saw., mugia kasalametan ti Allah Taala, malaikat jeung jalma-jalma saléh ginulur ka anjeunna. Marengan jeung ieu ogé, perkara ieu geus kabuktian yén hadis-hadis nu di jeronu disebutkeun ngeunaan datangna Mahdi nu ngagedurkeun peperangan ti antara anak katurunan Hazrat Fatimah r.a., sakabéhna lemah jeung cacad. Malahan lolobana tina hadis-hadis éta téh *Mauḍu'* jeung palsu, anu ngariwayatkeunana henteu dinyatakeun kapercaya, sarta para ulama *Ahli Ḥadīṣ* kacida héséna pikeun

ngabuktikeun kasahéhan hadis-hadis éta. Ku sabab kitu, Imam Bukhari, Imam Muslim, jeung anu mulya Imam Malik, nu nyusun kitab *Muwatta* ninggalkeun riwayat-riwayat éta. Sakumpulan gedé para ulama *Ahli Hadis* nepikeun panolakan kana riwayat-riwayat éta. Jadi, jalma nu boga pamanggih yén Mahdi Ma'ud jeung Masih Mau'ud téh dua wujud anu béda, nu baris kaluar saperti jalma-jalma nu ngalakukeun jihad sarta baris nyerang urang Kristen jeung jalma-jalma Musyrik ngagunakeun pedang, nya saéstuna manéhna geus ngayakeun kabohongan kalawan asmana Allah katut Rasul-Na, Hazrat *Khātamun Nabīyyīn* saw.. Manéhna geus nyaritakeun hiji hal anu teu boga dasar dina Al-Quran, hadis, jeung caritaan ulama-ulama gedé. Malah sabalikna, perkara nu geus kabuktian bener nyaéta taya Mahdi nu séjén salian Almasih nu bakal datang, moal kajadian peperangan, moal ogé bakal ngangkat pedang jeung tombak. Tah ieu nu jadi bukti ti Nabi kaula saw. sarta ieu téh lain hiji hal jijiieunan kabohongan. Dina abad-abad awal, dua kitab *Ṣaḥīḥ* nyaéta *Bukhārī* jeung *Muslim* geus méré panyaksén kana hal éta ku ninggalkeun riwayat-riwayat éta. Saenyana dina hal ieu aya hiji bukti pikeun jalma-jalma nu wijaksana sarta ieu téh hiji panyaksén anu kacida agungna. Jadi, upama anjeun kaasup dina jero

golongan jalma-jalma nu takwa, pék lenyepan perkara ieu.

Sing nyaho yén Isa *Nabiyullāh* a.s. geus wafat sarta geus ngagabung jeung para Rasul anu ogé geus wafat jeung geus ninggalkeun ieu dunya. Pangéran urang geus maparin panyaksénna di jero Kitab-Na anu kacida tétéla na (Al-Quran). Lamun anjeun mikahayang, pék baca ayat:

فَلَمَّا تَوَفَّيْتَنِي

Jeung ulah nuturkeun jalma-jalma anu pikeun nohonan kahayang-kahayang hawa napsuna – geus ninggalkeun Al-Qur’an sarta henteu ngasongkeun dalil anu kuat pikeun ngarojong akidahna. Maranéhna nyarita, “Kuring saréréa geus manggihan bapa jeung karuhun kuring, miluan akidah ieu,” sok sanajan bapa jeung karuhun maranéhna téh jauh tina pituduh. Kaula keur némbongkeun ayat-ayat Allah ka aranjeun, terus kumaha bisana aranjeun ingkar kana ieu? Ieu téh firman Allah. Tuluy, sanggeus ninggalkeun *Kalāmullāh*, hadis anu mana nu diimanan ku aranjeun? Naha aranjeun ninggalkeun Al-Quran demi caritaan-caritaan nu aranjeun sorangan teu apal? Naha ieu nasib nu dijieun ku aranjeun yén aranjeun tetep bakal ngabohongkeun jeung aranjeun leuwih milih

kacangcayaan dibandingkeun kayakinan? Padahal firman Allah *Rabbul 'ālamīn* moal rék bisa sarua jeung caritaan saha waé. Kaula geus ngabuktikeun yén Hazrat Isa a.s. geus hijrah ti nagrina sanggeus kajadian panyaliban, jeung hijrah kalawan widi Allah Taala Nu Maha Ngabulkeun Tur Maha Deukeut éta téh diantara sunah para Nabi. Saterusna Hazrat Isa a.s. ngalakonan lalampahan ka lebah nagri Hindustan ieu. Sakumaha kapanggih dina riwayat-riwayat, jeung sakumaha kaunggel dina hadis Nabi saw. yén Allah Taala geus ngurniakeun umur 120 taun ka anjeunna (Isa a.s.), terus anjeunna wafat di hiji tempat nu kacida deukeutna jeung daérah urang tur dimakamkeun di dinya, sarta kuburanana nepi ka ayeuna aya di Srinagar, Kashmir, jeung dikenal di kalangan masarakat umum, jalma-jalma husus tur jalma-jalma gedé. Jalma-jalma datang pikeun ziarah ka kuburanana sarta maranéhanana meunang kaberkahan tidinya. Jadi lamun anjeun ngarasa cangcaya, pék tanyakeun ka nu dumuk di daérah éta. Pék lenyepan, kumaha akidah-akidah nu salah ieu geus diancur-leburkeun sarta taya nu nyésa tidinya. Riwayat-riwayat éta téh geus bukti batil sarta bebeneran ieu geus kabuktian yén nu dimaksud Almasih nu baris turun téh nyaéta salahsaurang anu ka anjeunna dinugrahan ahlak ti Almasih a.s..

Hé jalma-jalma nu baroga akal tur mibanda pamahaman nu bener, tah ieu nu bakal datang téh nu keur nyarita jeung aranjeun. Pék sing nyaraho! Mangsana jihad ngagunakeun pedang geus kaliwat, jeung ayeuna moal aya deui jihad salian jihad ngagunakeun péna, du'a jeung tanda-tanda anu gedé. Jalma-jalma nu boga itikad yén dina waktu datangna Imam Mahdi bakal diwajibkeun jihad ngagunakeun pedang, maranéhna aya dina kasalahan. Urang saréréa ngan ukur bisa manghanjakalkeun kana méngkolna maranéhna tina jalan nu bener. Ieu téh ngan ukur hiji kasalahan nu lahir tina saeutikna ngalenyepan hadis-hadis Hazrat *Khairul Anām saw.*, henteu bisa ngabédakeun hadis-hadis *Mauḍu'* jeung *Ṣaḡīḡh*, jeung lantaran milu kana akidah-akidah nu teu boga dasar. Kacida manghanjakalkeun jalma-jalma nu nyaho yén hadis-hadis ngeunaan Mahdi nu ngocorkeun getih téh cacad jeung salah, tapi terus baé maranéhna yakin yén datangna Mahdi téh saperti kitu kalawan ninggalkeun panénjo batin, maranéhna henteu nyarita hiji hal dumasar panénjo batin, sarta henteu ogé néangan pituduh tina dalil-dalil naqli jeung aqli. Padahal maranéhna geus jangji rék ngalaksanakeun tanggung jawab-tanggung jawab pikeun pagawéan Islam anu gedé jeung moal nyaritakeun hiji hal anu pasalia jeung

sabda Nabi urang Hazrat *Khairul Anām saw.* Moal cangcaya deui yén ayana jalma-jalma ieu téh hiji musibah diantara musibah-musibah nu geus tumiba ka agama nu kuat ieu, sabab maranéhna henteu nuturkeun nur, malahan maranéhna leumpang saperti jalma-jalma nu lolong. Élmu maranéhna henteu leupas tina kamangmangan, jeung henteu ogé haté maranéhna kacérétan ku kaberkahan ti Allah Taala, malahan maranéhna keur nuturkeun akidah-akidah anu ngeunaan éta maranéhna henteu meunang élmu jeung panénjo batin. Maranéhna silih tuturkeun kalawan taya pituduh jeung ma'rifat. Ku kituna, lantaran kabodoanana, maranéhna geus ngajadikeun agama Allah jadi panujuan jalma-jalma panatik nu ngasongkeun kabeurat sarta jadi kaulinan jalma-jalma nu léléwodéh.

Maranéhna téh jalma-jalma nu geus nyapirakeun/ngahandapkeun perkara-perkara agama jeung rusiah-rusiah syari'at anu lembut, sarta jadi imam hiji kaum anu bodo. Maranéhna ngaluarkeun fatwa, padahal maranéhna teu ngabogaan élmu. Maranéhna mémang jadi imam, padahal maranéhna henteu boga pamahaman dina ngamumulé agama. Enya, mémang maranéhna nyaritakeun hiji perkara, tapi maranéhna henteu prak ngalaksanakeun hal éta.

Maranéhna saeutik ogé henteu noél ma'rifat-ma'rifat Al-Qur'an jeung dina hal ieu maranéhna henteu nuturkeun jalma-jalma nu jembar dina kaélmuanana. Maranéhna mémang méré papatah ka jalma lianna, tapi bari jeung teu nyaho naon nu kaluar tina sungut-sungut maranéhna téh. Maranéhna lain jalma-jalma nu boga panénjo batin, lain ogé nu sok daék ngalenyepan, sarta lain ogé jalma-jalma nu sok nyanghareupkeun perhatianana ka payuneun Allah Taala. Kabeungharan élmu maranéhna kacida saeutikna sarta kurang. Haté maranéhna condong kana dunya sarta leyur di dinya. Terus kumaha bisana paham maranéhna kana perkara-perkara agama nu hésé sarta kumaha bisana maranéhna nyaho ma'rifat-ma'rifat tina syari'at anu geus tétéla? Sabab perkara-perkara Allah ngan baris kabuka ka jalma-jalma anu haténa beresih sarta panto-panto agama ngan baris kabuka keur maranéhna nu usaha soso-soso, nyaéta anu nujukeun perhatianana ka Allah Taala, sarta hakékat-hakékat ogé ngan baris kabuka ka pikiran-pikiran anu ditujukeun ka Allah Taala kalawan junun.

Saterusna bareng jeung jalma-jalma nu hayang ilubiung dina pa-sawalaan jeung hayang kalibet dina pagawéan nu hésé ieu, nya wajib keur maranéhna pikeun ngawasa kamampuh anu sampurna dina élmu-

élmu basa Arab jeung boga pangaweruh nu pohara lobana dina literatur-literatur, tur nyaho kalawan hadé rupa-rupa tulisan, cara mandiri jeung gaya basa komunikasi nu éndah, sarta nyaho kalawan saalusna kaéndahan paribasa katut métafora, ogé ngawasa kamampuh rupa-rupa cara ngajéntrékeun hiji perkara, jeung nyaho kalawan hadé babasan, nuturkeun kalawan sampurna kaidah-kaidah keur nyegah kasalahan dina pamahaman sarta kakaliruan dina nétélakeun.

Tapi, kumaha bisana jalma nu narolak ieu meunang kasampurnaan-kasampurnan? Moal aya dina diri maranéhna salian ti kekecapan bohong nu taya hartina. Jadi sawadina jalma-jalma nu ceurik téh nyeungceurikan maranéhna. Naha ku alatan ieu maranéhna nungguan Mahdi nu ngagedurkeun peperangan, nyaéta supaya inyana ngocorkeun getih, maéhan musuh-musuh, menggel sirah jeung nyebarkeun Islam ngagunakeun pedang? Padahal hal ieu téh henteu kabuktian tina hadis-hadis sahéh, henteu ogé tina ayat-ayat Al-Qur'an, sarta dina pamadegan ulama-ulama gedé malah anu kabuktian téh nyaéta anu pasalia jeung éta. Leuwih ti kitu, hal ieu ngarupakeun perkara, anu akal séhat ogé nolak, jeung pamahaman nu nangtung dina jalan nu lempeng moal narima. Ku

kituna pék anjeun tanya ka jalma-jalma nu biasa ngalenyepan (ngalakukan tadabur).

Anjeun nyaho yén jaman urang ieu téh nyaéta jaman anu di jerona moal aya nu nyerang urang ku pedang jeung tombak lantaran alesan agama sarta moal aya ogé nu maksa urang supaya milu nuturkeun agamana sarta ninggalkeun agama Allah nu mangrupa agama panghadéna diantara sakabéh agama. Ku lantaran kitu dina mangsa ieu urang henteu perlu perang, henteu oge merlukeun wawales jeung henteu ogé perlu nyayagikeun tombak tur ngangkat pedang, malahan perkara-perkara ieu kiwari saperti hiji syari'at anu geus kapupus jeung saperti tata cara nu geus diganti.

Cindekna, lamun perluna peperangan geus teu aya deui, nya geus ditetepkeun cara-cara pikeun nyampurnakeun hujah ku dalil-dalil nu pasti jeung ngabuktikeun pangakuan-pangakuanana ku argumén-argumén anu bener. Kitu deui, dalah peperangan jeung perdebatan, tempatna geus digantikeun ku tanda-tanda nu atra tur mu'jizat-mu'jizat nu luar biasa. Alesanana nyaéta ku sabab dina mangsa urang ayeuna kabutuh pikeun nguatkeun iman jeung turunna tanda-tanda nu écés ti Allah Taala Nu Maha Asih geus kacida nyedekna. Cara-cara ngocorkeun getih jeung menggél

sirah moal méré mangpa'at nanaon ka jalma-jalma. Malahan cara-cara ieu bakal ngaronjatkeun rupa-rupa kacangcayaan jeung pacéngkadan.

Ku kituna Mahdi anu sajati, nu kadatanganana kacida diperlukeun di jaman ieu, inyana lain saurang manusa nu baris ngangkat pakarang, ogé lain jalma nu mahér dina peperangan jeung ngagunakeun panah tur pedang. Malahan nu bener nyaéta kabiasaan-kabiasaan saperti ieu, dina mangsa ayeuna ngan ukur bakal nibankeun karugian-karugian ka agama, jeung bakal nimbulkeun ka teu-tengtreman dina jero haté jalma-jalma ku lantaran rupa-rupa kacangcayaan. Maranéhna boga pikiran yén urang Islam téh hiji kaom anu teu boga cara séjén pikeun nyingsieunan iwal ti ku pedang jeung panah, tur maranéhna henteu aya kanyaho cara séjén iwal ti maéhan jalma-jalma. Jadi Imam nu ditéangan ku haté nu naréangan bebeneran tur maranéhna saperti jalma-jalma nu kalaparan sajeroning néanganana, inyana téh hiji jalma soléh jeung mibanda ahlak fadilah anu di jero dirina aya sipat-sipat anu pinuji. Marengan jeung éta, inyana ogé kaasup kana golongan jalma-jalma nu dibéré hikmah jeung ma'rifat, tur dikarunia dalil-dalil jeung argumén-argumén nu pasti. Inyana unggul ti sakabéh jalma di jamanna dina élmu-élmu Ilahi jeung dina urusan paham kana

perkara-perkara nu nyosok-jero tina kitab-kitab samawi, sarta perkara-perkara syari'at anu hésé. Inyana boga kamampuh ngawangun komunikasi nu méré pangaruh kana haté jalma-jalma anu hadir di majlis jeung cumarita anu dina panénjo masarakat umum katut panénjo jalma husus kacida luhurna, sarta ngécéskeun perkara-perkara sacara langsung anu mangrupa ranggeuyan mutiara-mutiara. Kalawan méré jawaban langsung, inyana nepikeun poin-poin lir ibarat gagang bungbuahan anu tumungkul. Inyana baris méré jawaban nu pohara hadé jeung méré dalil nu jadi putusan. Inyana baris ngawasa cara komunikasi nu kacida deukeutna jeung pamahaman jalma-jalma tur baris mawa sawarga katengtreman kana jero haté jalma-jalma. Jejer pasoalan nu dicaritakeunana ngabungkem nu narolak ku dalil, tur caritaan nu ditepikeunana kalawan perantaranana geus ngabungkem sungut jalma-jalma nu ingkar.

Ku kituna dina mangsa ieu, salian ti pedang kakuatan dina nerangkeun, taya deui pedang nu séjénna. Dina mangsa ieu, kaula henteu nénjo hasil nu mangpa'at tina tombak-tombak. Enya, pangaruh tina dalil-dali, argumén-argumén jeung tanda-tanda mémang aya. Lantaran kitu, Imam di jaman ieu sawadina hiji lalaki nu pohara ngawasa dunya ma'rifat,

ogé nu meunang pitulung ti Allah Taala ku cara panyampurnaana hujah jeung sababaraha rupa tanda-tanda arguméntasi, sarta jalma nu boga pamahaman paling jembar dibandingkeun jeung sakabéh jalma dina paham kana Al-Qur'an, supaya ku perantaraan inyana némbongkeun sima ka musuh-musuh Allah jeung méré katengtreman kana jero haté nu naréangan bebeneran. Ogé, inyana nu boga kamampuh pikeun ngoméan jiwana nu ngarupakeun musuh panggedéna di antara musuh-musuhna, supaya hawa napsu sagemblengna leungit, jeung hawa napsu henteu ngalawan kamulyaan katut kaagungan Allah Taala. Kitu deui, jalma éta tawekal, handap asor, ngadu'a kalawan bener-bener pikeun meunangna syari'at Islam anu atra, jalma nu sabar, jalma-jalma welas asih ka abdi-abdi Allah, jalma nu usaha pikeun manusa kalawan sakabéh upaya jeung du'a anu husyu tur handap asor, sarta henteu mopohokeun ka hiji ogé jalma anu muhlis sanajan aya di nagri-nagri nu jauh. Ogé, saperti halna Ibrahim a.s. patali jeung kaayaan sial Jemaatna, anjeunna sababaraha kali ngajukeun pameredih ka Allah Taala, tur anjeunna anu kagungan kalungguhan anu dipihormat dina paningali Allah *Rabbul 'ālamīn*.

Babandingan imam éta téh saperti insan nu kuat, anu ku meunang pitulung ti inyana hiji manusa nu teu daya, jalma nu rérémpo jeung panénjona rumeuk [sacara rohani] ogé meunang kakuatan, sarta Imam nu kuat éta méré panyarandéan pikeun jalma nu lemah jeung rérémpo [dina hal karohanian], nepi ka inyana nyingkahkeun maranéhna tina pagawéan dolim ka diri maranéhna sorangan (ngalakukeun dosa). Kitu deui inyana méré panyarandéan ka unggal jalma anu ku sabab héngkér dina kapengkuhan tur iradahna, hariwang bakal kasasar. Unggal jalma nu mikabutuh kadaharan pikeun lumangsungna kahirupan [rohani]na, inyana méré bungbuahan seger ka manéhna, jeung pikeun ngabantuanana, saperti para nonoman nu nulungan nganteurkeun jalma-jalma nu héngkér tur teu boga daya [karohanianana] ka tujuan maranéhna, jeung jalma nu haténa henteu dikaruniaaan sipat deudeuh asih tur welas, sarta henteu meunang kakuatan jeung wawaran saperti pajuang wanian, turta henteu usaha kalawan sampurna di payuneun singgasana Allah Taala ku du'a anu husyu jeung pinuh ka-handap-asoran, tur jalma nu di jero dirina henteu nyampak kanyaah nu leuwih tibatan kanyaah indung, nya kalungguhan ieu (kalungguhan kapamingpinan) moal dibikeun ka manéhna, jeung moal ogé nyampak

di jero dirina tanda-tanda ieu sarta moal ogé manéhna bisa jadi ahli waris ti Pamingpin Dua Alam tur Panghulu Sakabéh Mahluk.

Sedengkeun jalma nu meunang karunia kawelas jeung kanyaah, sarta haténa pinuh ku sipat-sipat éta, jeung bareng jeung kitu, éta jalma téh geus ngaleungitkeun hawa nafsu jeung syahwat ti dirina, tur jiwana geus dikeleuhkeun dina jero kacintaan ka Pangéran, jeung ngarepkeun perhatian katut karidoan Allah Taala, sarta ngagabungkeun dirina ka Allah Taala, ku kituna jalma saperti ieu pikeun sakuliah alam nyaéta *Kibrit-e-Ahmar*¹² (istilah tasawuf), caang bulan pinuh tanggal 14, ogé salaku tangkal nu boga berkah nu gedé, sangkan jalma-jalma meunang kaberkahan-kaberkahan. Jalma éta ngarupakeun hiji imah nu aman, supaya jalma-jalma nu guligah asup ka jero, jeung supaya dina mangsa kajadian musibah inyana dijadikeun salaku tempat panyalindunganana. Inyana ogé meunang barokah sarta jalma-jalma nu datang ka lingkunganana ogé dibéré kabarokahan. Aya béja

¹² Fosfor Beureum. Dina istilah tasawuf, Imam Zaman atawa Wali Sampurna (Wali Kamil) disebut salaku Fosfor Beureum, anu ngarobah hiji jalma nu darajatna lemah, jadi hiji jalma anu darajatna luhur ngaliwatan pangaruh tarbiyat jeung campur gaul jeung inyana (Pancarjamah).

kabungah pikeun maranéhna nu patepung jeung inyana, nénjo inyana atawa ngadéngé sababaraha caritaanana. Inyana téh jalma, anu lamun seug sosobatan jeung inyana, nya Allah Taala baris jadi sobat éta jalma, sarta sing saha anu ngamusuhan inyana, nya Allah Taala baris jadi musuhna. Jalma-jalma nu boga nasib mujur bakal datang ka inyana ti sakabéh jalan-jalan jeung pasisian tempat-tempat nu jauh. Inyana téh tempat nyalindung pikeun urusan agama, jeung pikeun unggal muslim lalaki tur awéwé aya panyalindungan Allah Taala.

Di antara tanda-tanda bebeneran jalma éta, salah sahiji na nyaéta dina mangsa awal pangakuanana inyana didoliman, jalma-jalma jahat diunggulkeun ti diri na, tukang marigawé dosa nyerang diri na jeung tukang barohong ngeueuhgeuykeun sarta nyebutkeun loba perkara ngeunaan dirina bari jeung nyarékan laklak dasar. Inyana leumpang lalaunan di dunya, saperti saaleutan sapi nu leumpang kalawan pinuh ku kahandap-asoran kawas jalma-jalma nu soléh tur boga darajat luhur. Inyana henteu males kagoréngan ku kagoréngan sarta males kagoréngan ku cara nu leuwih hadé tur leuwih cocog pikeun abdi-abdi Allah Taala. Nepi ka waktu poé-poé pinuh cobaan réngsé jeung sabagéan kadoliman ti jalma-jalma nu kurang akal nu

geus ditetepkeun keur dirina geus sampurna, nya perkara nu diasupkeun ka jero haténa ti sisi Allah Taala yén sawadina inyana ngadepkeun sakabéh perhatianana ka Allah Taala jeung pitulungNa kalawan handap asor tur lumengis. Nya dina waktu éta pisan kahayang-kahayang ieu timbul di jero haténa, sarta inyana ngarumpuyukeun dirina bari sumujud. Dina waktu éta du'ana dikabulkeun jeung dina ahirna pitulung kameunang jadi milikna. Allah ngaliwatan kanyaahNa nyiptakeun pikeun inyana sarana-sarana ti langit jeung Allah Taala ngalaksanakeun padamelan pikeun inyana nu ngajadikeun manusa ngarasa héran. Kaayaan jadi tibalik sagemblengna. Allah Taala ngurniakeun ka inyana kasalametan ti unggal rasa sieun jeung bahya.

Sunatullāh pikeun para walina lumaku saperti ieu, dina mangsa-mangsa awal pangakuanana, Anjeunna masihan kaunggulan ka musuh-musuh para wali ti dirina, saterusna hasil pandeuri dibikeun ka inyana (para wali), jeung putusan ieu geus ditetepkeun ti sisi Allah Taala yén hasil pandeuri nu hadé salawasna milik jalma-jalma nu takwa. Jalma-jalma saperti ieu diutus ti sisi Allah Taala Nu Maha Kawasa geus mang-abad-abad, sanggeus kajadian karuksakan di dunya, serangan musuh-musuh jeung sanggeus kajadian

topan-topan kasasaban. Terus waktu di bumi pinuh karuksakan, pinuh pagawéan nu ngaliwatan wates, dosa jeung kama'siatan geus mahabu, ma'rifat Ilahi jadi ngurangan, manusa saperti jalma lolong, jalma-jalma mopohokeun wates-wates nu geus ditetepkeun ku Allah *Rabbul 'Ālamīn*, karuksakan geus asup kana kalakuan-kalakuan jeung caritaan-caritaan maranéhna, perkara-perkara agama geus jadi paburantak tur ngarandapan kamunduran, musuh-musuh nyerang pondasi-pondasi agama Islam, syiar-syiar Islam ampir leungit, jeung para ulama henteu ngabogaan kamampuh pikeun mulangkeun jalma-jalma kana kahadéan jeung katakwaan, malahan para ulama sorangan jadi teu boga daya jeung mopohokeun kana pangabdian agama, maranéhna condong kana dunya nu hina, henteu nyésa sama sakali dina dirina kaimanan jeung keyakinan, kaayaan karuksakan, kapasékan, jeung kasasaran geus sakitu rupa nepi ka puncakna, ibarat hiji panyakit nu geus nepi ka stadium ahir tur teu nyésa saeutik ogé harepan bisa ngoméan maranéhna ngan ku caritaan wungkul, nya dina mangsa kitu diutus saurang Pembaharu jeung ti sisi Allah Taala, inyana dikurniaan élmu, ma'rifat, bebeneran, cara-cara nanjeurkeun bukti-bukti,

kasucian tur istiqamah, jeung ku cara saperti éta sunah Allah Taala lumaku.

Cindekna, kalayan kurnia katut ihsan-Na, inayat Allah Taala meredih yén dina mangsa éta aya hiji Nabi atawa *Muḥaddas* (nu narima ilham) anu diutus, sarta ieu pagawéan agung téh diséréнкеun ka inyana, jeung inyana dipilih pikeun ngoméan umat manusa. Ku kituna dina mangsa éta cunduk waktuna ti Allah Taala Nu Maha Agung anu di jerona keur haté anu lempeng bakal ngarasakeun kabutuh-kabutuh éta, sarta unggal jiwa nu hudang, bakal sadar kana pentingna pitulung Allah Taala. Kamampuh pangangseu roh-roh maranéhna ngarasakeun ngambeu pitulung Allah Taala. Nya dina wanci éta, utusan Allah Taala muncul. Caah pitenah jadi saat, jeung hujah jadi sampurna keur jalma-jalma kapidir. Utusan ieu ngan datang dina waktu anu diperlukeun sarta salian ka jalma-jalma dolim jeung jalma-jalma ingkar nu ngangkat pedang, inyana henteu nuju-keun pedangna ka saha baé ogé.

Hé jalma anu boga nasib hadé! Masing nyaho, yén sakitu lobana manusa ngalakukeun kasalahan ngeunaan Mahdi nu dijangjikeun sarta neumbleuhkeun ka inyana ngocorkeun getih sarta nelasan jalma-jalma Yahudi jeung Kristen. Maranéhna nyarita, yén raja-raja Kristen, nyaéta urang Eropa nu

wangkid ieu jadi raja di Hindustan bakal ditéwak jeung kalawan dikalungan ranté, maranéhna baris dihadirkeun ka hareupeun Al-Mahdi dina kaayaan nu dihinakeun. Maranéhna henteu nyaraho hakékat nu sabenerna. Maranéhna ngan nyarita ucapan-ucapan saperti jalma-jalma nu nyieun kabohongan kalawan asmana Pangéran. Di sagigireun maranéhna taya riwayat nu lianna iwal ti hadis-hadis nu rapuh jeung riwayat-riwayat palsu ti jalma-jalma anu nga-aya-ayakeun kabohongan. Aranjeun moal manggihan hadis-hadis sahah Hazrat *Khātamun Nabiyyīn* saw. di sagigireun maranéhna.

Hé manusa! Masing sieun ka Allah. Poma ulah nyekel akidah-akidah saperti ieu jeung ulah nyumputkeun syari'at Allah Taala di tukangeun riwayat-riwayat nu rapuh. Jalma-jalma nu henteu ninggalkeun pangakuan-pangakuan nu salah jeung henteu néangan arguméntasi tur dalil, henteu ogé néangan nur anu ngaberesihan jiwa, ngaleungitkeun kaham-ham, ngajauhkeun rasa cangcaya tina perkara-perkara nu hésé jeung henteu jelas, sarta ngécéskeun unggal perkara [agama] kalawan babari sarta henteu mikir kalawan taliti saperti para panalungtik, malah saperti jalma-jalma lolong nu silih pigawé taklid, henteu ngalakukeun panalungtikan

kana sagala hal kalawan taliti, saperti nu néangan bebeneran, jalma-jalma ieu lir ibarat méga nu dijerna euweuh cai, malahan sanggeus némbongkeun gelap jeung kilat, terus sumebar. Atawa manéhna saperti hiji jalma nu taya guna na, jeung teu boga pamadegan, atawa saperti imah anu teu aman, atawa ogé lir ibarat tatangkalan nu teu buahan. Maranéhna taya kaboga iwal ti janggot nu panjang, irung nu mancung (katakaburan), beungeut nu haseum, létah nu seukeut jeung haté nu béngkok. Maranéhna nyekel harepan kosong nu henteu dileupaskeun, ogé boga hawa nafsu anu ku maranéhna disumputkeun. Maranéhna henteu ngadatangan tempat anu bener pikeun panalungtikan, henteu nujukeun panénjona kalawan taliti pikeun néangan jalan-jalan nu nyumput, henteu usaha pikeun nénjo bebeneran nu tétéla sarta henteu ogé usaha pikeun nepikeun jallma-jalma kana puncak kayakinan.

Perkara pamungkas ngeunaan urusan ieu, nya kaula pisan Masih tur Mahdi nu bakal datang nu asalna ti *Rabbul Arbāb*. Kaula lain datang pikeun perang, henteu ogé Pangéran kaula geus maréntahkeun kaula pikeun perang. Kaula datang nuturkeun sunah Ibnu Maryam, sangkan kaula ngagero jalma-jalma kana ahlak nu mulya jeung ka Pangéran Nu Maha Mulya tur Maha Asih. Kaula henteu nénjo perluna mesat pedang,

malahan mesat pedang téh sumber a'ib keur agama nu geus ngalimpudan sakuliah nagri ku cahyana. Enya, mémang ayeuna nu diperlukeun nyaéta némbongkeun kasampurnaan péna-péna, nepi ka urang bisa nyalametkeun manusa tina kasasaran jeung topan kasasaran.

Waktu kaula datang ka para ulama nagri ieu, maranéhna keukeuh ngapirkeun jeung ngabohongkeun kaula. Maranéhna bari jeung takabur maléngoskeun beungeut tina bebeneran, sarta nyarita yén kaula téh dajal nu nga aya-aya keun kabohongan kalawan asma Pangéran. Allah Taala geus némbongkeun ka maranéhna tanda-tanda nu gedé, béja-béja gaib nu sampurna jeung kaberkahan-kaberkahan gedé ogé geus katémbong. Geus kajadian samagaha bulan jeung panonpoé dina bulan Ramadhan, tapi taya ti antara maranéhna, hiji haté ogé nu méré perhatian kana bebeneran jeung henteu ogé maranéhna jadi leuleuy. Kaula geus nepikeun jalan-jalan pituduh di hareupeun maranéhna, tapi maranéhna henteu eureun tina lolong jeung kasasaranana. Kaula geus ngarang buku nu pohara kandel jeung panjang keur maranéhna, tapi maranéhna teu narima bebeneran, malahan maranéhna nyarékan bébéakan saperti jalma-jalma nu bodo, sarta dina

perkara kasasaran, kadoliman, jeung sikep-sikep kaleuleuwihi maranéhna beuki ngaronjat leuwih ti saméméhna. Padahal ti saméméhna ogé geus tétéla yén ku sampurna-na éta tanda-tanda ka maranéhna téh, saéstuna asal kaula téh ti Allah Taala. Ngan taya pagawéan maranéhna salian ti ngomongkeun hal-hal nu goréng, nganyenyeri, nyarékan bébéakan jeung nganggap hina. Maranéhna saenyana geus nyaksian rupa-rupa tanda jeung pangdeudeul ti Pangéran kaula, tapi maranéhna henteu narima bebeneran, bari jeung ngalakukeun panganiayaan tur ngaleuwihan wates-wangen sarta henteu ogé ninggalkeun cara ieu.

Kaula henteu datang ka maranéhna dina mangsa nu teu merenah, malahan kaula datang ka maranéhna di jaman karuksakan nu geus diisaratkeun ku Rasulullah saw., dina mangsa Islam keur lemah tur dina awal abad. Saméméhna jalma-jalma ieu terus nungguan datangna abad ieu jeung maranéhna boga pamadegan yén abad ieu téh ngabogaan berkah pikeun agama Islam. Tapi waktu kaula datang ka maranéhna, nya maranéhna miceun sakabéh élmu-élmu maranéhna ka tukangeun tonggong jeung jadi musuh nu utama. Tapi upama taya rasa kasieun kana pedang [hukuman undang-undang] Pamaréntah Inggris, nya pasti maranéhna nelasan kaula ku pedang-pedang jeung

tombak-tombak. Tapi Allah Taala geus nyalametkeun kaula saréréa ti maranéhna kalawan perantaraan Pamaréntah Inggris anu budiman. Jadi kaula saréréa ogé muji syukur ka Allah Taala sarta kaula ogé nganuhunkeun ka Pamaréntah nu geus dijadikeun ku Allah Taala salaku sarana kaamanan pikeun kaula saréréa. Maranéhna (Pamaréntah ieu) geus nyalametkeun kahormatan, jiwa, jeung harta kaula ti jalma-jalma nu rék ngarampas na. Terus naon alesanana kaula henteu nganuhunkeun ka Pamaréntah ieu, padahal kaula nyorang kahirupan dina panyalindunganana kalawan tengtrem jeung tanpa rasa mangmang sarta kaula disalametkeun dina rupa-rupa pakewuh. Datangna Pamaréntah ieu ka nagri ieu, pikeun kaula saréréa jadi sumber kamulyaan jeung kaberkahan, tur harepan saluhur-luhurna nu bisa dipimilik dina perkara katengtremen jeung kaamanan dunya, kaula geus ngarandapanana. Ku lantaran éta, kalawan niat nu bener, wajib pikeun ta'at jeung ngadu'a keur kamajuan sarta kajayaanana. Pamaréntah ieu henteu néwak kaula kalawan sawenang-wenang, malahan geus narik hak kaula ku perantaraan perlakuan nu hadé tur kawijaksanaan. Ku kituna wajib pikeun nganuhunkeun ka Pamaréntah ieu tur kana

perlakuan hadéna. Kitu deui wajib pikeun ta'at ka aparat pamaréntahan.

Ya Allah, Pangéran Nu Maha Asih. Mugi dipasihhan ganjaran kasaéan ti sisi abdi ka Ratu nu agung ieu sareng mugi dijagi pamaréntahanana sinareng kahormatanana.

Nu nulis,

Mirza Ghulam Ahmad Al-Qadiani

21 Pebruari 1899 M

Glosarium (Kamus Singget)

- Atba. Singgetan tina *Ayyadahullāhu Ta'ālā binaṣrihil 'Azīz* anu hartina “Mugia Allah Taala masihan pitulung ka anjeunna ku pitulung Na nu perkasa”. Singgetan ieu ditulis di tukangeun nami Khalifah ti Almasih jeung Imam Mahdi a.s. nu masih jumeneng.
- Ahli Ḥadīs* Pakumpulan Islam nu leuwih ngutamakeun Hadis tibatan Al-Quran
- a.s. Singgetan tina *'Alaihissalām* anu hartina “Mugia Gusti Allah maparin kasalametan ka anjeunna (para nabi atawa Rasul Allah Swt.). Singgetan ieu ditulis di tukangeun nami para Nabi atawa Rasul.
- Benarés atawa Varanasi, disebut ogé Banarés, atawa Benaras, atawa Kashi, atawa Kasi, nyaéta kota suci agama Hindu di sisi Bangawan Gangga nu ayana di nagara bagéan Uttar Pradesh di India bagéan Kalér. Banarés, pikeun umat Hindu India,

- saperti Makkah keur umat Muslim atawa Vatikan pikeun umat Katolik.
- Da'if* Ngarujuk kana Hadis-hadis anu henteu boga kakuatan atawa ciri-ciri salaku hadis anu shahih.
- Ghazi (غازی, *gāzī*), nyaéta istilah Arab anu digunakeun pikeun ngarujuk ka jalma-jalma nu kasabit dina Ghazw غَزْوَة, *gazwah*, peperangan nu hartina ékspédisi militér atawa serangan.
- Hazrat Ucapan dina basa Urdu tina kecap حَضْرَت nu hartina Nu Mulya, biasa ditulis di hareupeun asma atawa diucapkeun waktu nyebut ngaran jalma anu kacida dipihormat tur dimulyakeun lantaran darajat karohanianana anu luhur.
- Ilham Mudalna kurnia Ilahi mangrupa kecap-kecap, ucapan atawa haréwos anu asalna ti Allah Swt. atawa Malaikat-Na anu dinugrahaheun ka salahsaurang abdi anu dipikaasih-Na.

- Kasyaf* nyaéta téténjoan rohani anu dibikeun atawa ditingalikeun ku Allah Swt. ka abdi-abdi-Na anu pinilih.
- Khairil Anām* Hartina nyaéta manusa nu panghadéna, sebutan ieu dimaksudkeun ka Nu Mulya Rasulullah saw..
- Mauḍu'* Ngarujuk kana Hadis-hadis palsu anu diréka atau dicipta terus disarandékeun ka Rasulullah saw..
- Mubāhalah* Tarung du'a antara saurang Nabi utusan Pangéran jeung jalma-jalma nu narolak ti antara kaom-na, yén la'nat Allah sangkan ditibankeun ka salah-sahiji pihak nu dina paningali Allah Swt. salaku pihak nu ngabohong.
- Muḡaddas* Jalma-jalma suci pilihan Allah Swt. nu diajak nyarios ku Allah Taala atau para Malaikat-Na.
- Mujaddid* Kecap tina basa Arab nu ngarujuk ka “jalma nu mawa parobahan atawa

saurang Pembaru". Dina Islam, mujaddid téh nyaéta salah saurang anu dimedalkeun ku Allah Swt. dina unggal awal abad pikeun ngoméan karuksakan nu kajadian di umat Islam.

Mujāhid Jalma nu bajoang atawa perang di jalan Allah ngabéla atawa ngajoangkeun agama Allah Swt..

Mukjizat Témbongna kajadian pikahéraneun nu hésé dihontal ku kamampuh akal manusa. Mukjizat nyaéta hiji kajadian atawa kajadian luar biasa nu dipercaya sabagé tanda atawa bukti ka-Maha-Kawasa-an.

Mullah Sebutan pikeun para Ulama Islam atawa Kiyai di India.

Qadian Hiji kota leutik nu aya di distrik Gurdaspur, beulah Kalér Wétan Amritsar, nyaéta 18 km (11 mil) ti beulah Kalér Wétan kota Batala di nagara bagéan Punjab, India. Qadian dikenal salaku tempat lahirna Hazrat Mirza Ghulam

- Ahmad a.s. nu Ngadegkeun Jemaat Muslim Ahmadiyah.
- r.a. Singgetan tina *Raḡīallāhu Taala ‘Anhu* – “Mugia Allah Taala maparin karidoan ka anjeunna “. (para sahabat r.a.), Singgetan ieu ditulis di tukangeun nami sahabat Rasulullah saw..
- Ru’ya Kecap “ar-ru’ya” dina Al-Quran boga harti wahyu atawa impian nu bener.
- saw. Singgetan tina *Ṣallallāhu ‘alaihi wa sallam* anu hartina “Mugia Allah maparin rahmat tur salawat sarta kasalametan ka anjeunna.” (Nabi Muhammad saw.). Singgetan ieu ditulis di tukangeun nami Nabi Muhammad saw. atawa Rasulullah saw..
- Ṣiḡāḡ Sittah* Sering disebut ogé *Kutubus Sittah* ngarujuk kana ‘Genep Kitab’, Hadis anu dipercaya ku umat Muslim salaku Kitab rujukan Hadis anu paling Sahih nyaéta *Ṣaḡīḡ Bukhari, Ṣaḡīḡ Muslim, Sunan An-*

*Nasāi, Sunan Abū Dāwud, Sunan Tirmidzī
jeung Sunan Ibnu Mājah.*

Sunatullāh nyaéta katangtuan ti Allah dina nempatkeun hukum-hukum-Na di saluhureun saniskara ciptaan, boh di langit atawa di bumi.

Swt. Singgetan tina *Subhāna wa Taala* anu hartina “Maha Suci Allah tur Maha Luhur”. Singgetan ieu ditulis di tukangeun Asma Allah.

Wa’iz atawa *Wa’id* mangrupa pangwawadi atawa nubuatan ngeunaan azab atawa hukuman anu ditujukeun ka jalma atawa kaom, upama manéhna atawa maranéhna henteu tobat.



